ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№№14-15 (23.673) ● 2018 гъэм мазаем (февралым) и 1, махуэку ● И уасэр тумэнитIщ

● ЗэIущIэхэр

IуэхуфI куэд яхуэзэфIокI

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий щIышылэм и 30-м яIуIащ «Урысей зэкъуэт» партым КИФЩII-м щекIуэкI лэжьыгъэр щызэзыгъэуIу и Советым и унафэщIхэм.

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэу **Макиев Зураб**, **Геккиев Заур**, **Таймазов Артур**, **Бондаренкэ Еленэ**, **Левицкий Юрий**, «Урысей зэкъуэт» партым и гъэзэщIакIэ комитетым и унафэщI **Рябцев Александр**, КЪБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къудэзэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым Къэбэрдей-Балъкъэрым щIэ хуабдамэм и унафэщI **Афэщ1агъуэ Михаил**, партым и щIыналъэ къудамэм и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI **Парафилов Дмитрий**.

КIуэзэхуэсахэр тепсэлъыхьащ «Урысей зэкъуэт» урысейпсо политикэ партым игъэзащIэ Iуэхухэм, зыхуигъэувыж къалэнхэм, зэлэжьыну кIыпэщылIым.

КIуэкIуэ Юрий къытеувыIащ социально-экономикэ зыужьыныгъэ и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрыр 2017 гъэм зыхунэсам.

- Гугъуехьхэр щыIами, щIыхухэм я псэукIэр нэхъ тынш ящIэщIу ди къалэнхэр псори дгъэзэщIащ. «Урысей зэкъуэт» партым и дэIэпыкъуныгъэ хэлъу, республикэм жыджэру дыщелэжьащ «ШIэнхабзэмкIэ унэ», «Къалэр зэIузэпэщ щIын», «ЦIыхухэм зыщагъэпсэху щIыпIэхэр егъэфIэкIуэн» Iуэхухэм, апхуэдэуи егъэджэныгъэм, узыншагъэр хъумэным, спортым ехьэлIауэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэхущ1апIэхэр дыухущ, - жиIащ КЪБР-м и Iэтащхьэм. - Къэбгъэлъагъуэмэ, 2017 гъэм щэнхабзэмкIэ уни 10 республикэм къыщIэзIутхащ. СызэрелъэмкIэ, ар екъуалIэныгъэшхуэщ. Мы гъэми ди гугъэщ тIорысэ хъуа апхуэдэ Iуэхущ1апIэхэр зэдгъэпэщыжыну. Гъатхэпэ мазэм Май щIыналъэм къыщIэзIутхыну ди мурадщ Сабий творчествэмкIэ «Дыгъэпс къалэ» академием и зы къудамэ. А лэжьыгъэм мыхьэнэшхуэ иIэу къыдолъытэ, щIэблэм лъэныкъуэ куэдкIэ зауэзэщIыфын папщIэ. ЗыужьыныгъэфIкIэр ягъуэтащ промышленностми мэкъумэшI Iэнат1эми. Псалъэм папщIэ, елэжьын щIэддзэжащ 2010 гъэм УФ-м и Президент Путин Владимир къыддиIыгъауэ щыта, «Этана» промышленнэ Iуэхущ1апIэм и ухуэныгъэм. Тхуэзэфlэкlам и гугъу пщIымэ, дызэрыгушхуэнщ Къэбэрдей-Балъкъэрым Перинатальнэ центрыр зэрыщыдухуэфар. Дыщогугъ ар иджырей мардэхэм тету лъэныкъуэ куэдкIэ зиужьу лэжьэну. А псом нэхъыщхьэжраци, гупЫитэ хэха худоущ цIыхухэм я шынагъэншагъэм. Терроризм пэщIэтыныкIэ цIыхубэ комитетым и нэIэм щIэту щIэпхъаджагъэхэм я бжыгъэм хэгъэщIыным, хабзэм тетыным жыджэру долажь.

КIуэкIуэм къыхигъэщащ Путин Владимир и унафэкIэ 2018 гъэр Волонтёрхэм я илъэсу зэрагъэувам тету, щIалэгъуалэ зэхыхьэ купщIафIэхэр республикэм зэрыщыгъэкIуэкIыр. Таймазов Артур къыщыцIсалъэм Кавказ Ищхъэрэм волонтёрхэм я ресурс центр къыщыдзэгъэпэщIныкIэ абы и къудамэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщIэзIуихыныкIэ къыхилъхьащ. Ар зэрыIуэхуфIыр къыхигъэщащ КЪБР-м и Iэтащхьэм.

БАГЪЭТЫР Луиз.

● Хъыбар гуапэ

Мэз Каринэ и зи чэзу лъагапIэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ альпинисткэ цIэрыIуэ Мэз Каринэ куэдым яфIэтелъыджэн Iуэху аргуэру илэжьащ. Иджы ар къыщыхуитащ дунейм щынэхъ лъагэ дыдэ вулканыр къыщыхъеи Iуащхьэм и щыгум.

ОХОС-дель-Саладо (испаныбзэкIэ «нэ шыугъэхэр» къикIыу аращ) вулканыр къыщыхъеи Iуащхьэм метр 6893-рэ и лъагагъэ. Ар Чилимрэ Аргентинэмрэ я гъунапкъэм итщ икIи лъагэщIэт пщIыуэ и щыгум укъыщыхутэнкIэ хуабжэу щынагъуэщ, абы и мафIэпсыр дэтхэнэ зы дакъикъэми уэру къыдзэрыщиудыфынум къыхэкIыу. АрщхьэкIэ къэгъэдзыхьгъуэфIэкъым, дуней псом къыщыхэщыт Эверестым 2011 гъэм дэкIа, узыдзэкIуеину нэхъ гугъу дыдэхэм ящыщ, метр 8156-рэ зи лъагагъэ Манаслу Iуащхьэм нэгъабэ щыIа, адыгэ бзыльхугъэ Мэз Каринэ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и Жылагъуэ палатэм и чэнджэщэгъу Теппеевэ Iсиям хъыбар къыдэзрыдигъэщIамкIэ, «7 вершин» клубым хэтхэу Ларин Сергей, Ростовщев Артём, Козловэ Кристинэ, Кубасов Александр, Зеленковэ Ирино, Сафонов Алексей, Парпиев Дмитрий сымэ ядэщIыгъуу блыщхьэ кIуам и шэджагъуэм ар Охос-дель-Саладо и щыгум къыщыхутащ.

Псалъэм къыдэкIуэу къыжаIэщIыщ, дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ Эверестым Урысей Федерацэм щыщу иджыри къэс дэкIыфар цIыхубзитху къудейщ. Абыхэм яхэтщ Мэз Карини.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Щхьэгуэш Адэлбий ислъам университетым щеджэхэм яхуозэ

УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Щхьэгуэш Адэлбий яхуэзащ Iммам Iэбу Хьэнифэ и цIэкIэ Налшык дэт Кавказ Ищхъэрэ ислъам университетым и лэжьакIуэхэмрэ абы щеджэхэмрэ.

ДЕПУТАТым студентхэм ягу къигъэкIыжащ абыхэм жэуаплIныгъэшхуэ къаззрыбгъэдэхуэр. «ЦIыхубэм я пащхьэ фэ ифлъхьэ щIэныгъэм куэдкIэ елъытащ къэралым и зыужьныгъэр. Ди лъэпкъхэм кьадэгъуэгурыкIуэ диным и хабзэ нэхъыщхьэхэм цIыхухэр фIыуэ зэрыщымыгъуазэрщ илъэс 15 - 20 ялэкIэ ислъамым и мэхъэб егъэлеям а Кавказ Ищхъэрэм псынщIэу зыщиубгъуауэ щIыщытар. Хабзэр зымыщIэм сыт хуэдэ хабзи кьегъэщтэгъуафIэщ. Фэ фи кьалэныр ислъамым и пэжыпIэм цIыхухэр хуэущиныращ», - къыхигъэщхьэхукIащ Щхьэгуэш Адэлбий.

ЗэIущIэм депутатым щызжиIащ террористхэр щагьгъ тутнакъэщ щхьэхуэхэр къызэгъэпэщыным теухуа жэрдэм къыхихьхьэну зэриморадыр.

Республикэм зэпIэзэрытыныгъэр щыхъумэнымкIэ, лъэпкъхэм, динхэм яку дэлъ зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэнымкIэ куэд зэрилэжьам къыхэкIыу Щхьэгуэш Адэлбий ираташ «Жэмыкьэтым и пащхьэм щIэ фIыщIэм папщIэ» орденым и етIуанэ нагъыщIэр.

«Урысей зэкъуэт» партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ къудамэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

⊛ Ди къуэш республикэхэм

Сом 1 мелардым нэс

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и къалащхьэмрэ Мейкъуэпэ районым хьыхьэ къуажэхэмрэ псыкIэ къызэгъэпэщыным федеральнэ бюджетым сом мелардым нэс къыхуиутIыпщынущ. Абы теухуа унафэм Iэ щIидзащ УФ-м и Правительствэм и и Унафэщ1 Медведев Дмитрий.***

АДЫГЕЙМ туризмэм зыщегъэужьыныкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ Мейкъуэпэрэ Мейкъуэпэ районымрэ щыпсэуэр псыкIэ къызэгъэпэщыным. А лэжьыгъэр илъэсищым къриубыдэу зэфIагъэхIынущ. Къэрал Думэм бюджетхэмрэ налогхэмкIэ и комитетым хэт Резник Владислав нэхъапIэхIэ зэрыжиIамкIэ, УФ-м и Правительствэм псори зэхэту а Iэхум сом меларди 3-м щIигъу хухихынущ. Къызэрыхэдгъэщащи, 2018 гъэм сом 1 мелардым нэс (мелуан 996,5-рэ), 2019 гъэм - сом 1 мелардрэ мелуан 41,3-рэ къратыну щи, абы и фIыгъэкIэ псыкIэпIэ километри 120,6-рэ яукъуэдиифынущ.

ЛэжьыгъэкIэ къызэрагъэпэщ

КЪЭРЭШЕЙ-ШЭРДЖЭС. ***ЦIыхухэр Iэнат1экIэ къызэгъэпэщыныкIэ и Iуэхущ1апIэм 2017 гъэм лэжьапIэ къахуигъэтащ илъэс 30 ныбжьым нэмыса щIалэгъуалэ мини 2,3-м. Ар илэ ита илъэсым елъытауэ процент 18-кIэ нэхъыбэщ.***

IУЭХУЩIАПIЭМ и къудамэм и унафэщI Узденовэ Ксанэ зэрыжиIамкIэ, иужьрей илъэсхэм республикэм нэхъ зэпэлъытауэ щыбгъэдохьэ Iэщ1агъэр къыхэхыным. «ЦIалэгъуалэм трагъащIэ щIэупщIэ зиIэ Iэщ1агъэхэм икIи ар тэмэмщ», - къыхигъэщащ Узденовэм.

2017 гъэм зи щIалэгъуэ цIыху 16-м сатум, хьэлъэхэр къеушэкIыным, Iуэхутхьэбзэхэр яхуэщIэн ехьэлIа я лэжьыгъэ зэтраублащ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэми сом мин 58,8-кIэ дэIэпыкъуащ къэрал программэм икIи иткIэ. Республикэм и щIалэгъуалэ лэжьапIэншэхэм ящыщу 300-р щIэупщIэ зиIэ Iэщ1агъэхэм хурагъэджащ. Къапщтэмэ, шофёр, пщафIэ, слесарь, щхьэщIэщэ Iэщ1агъэхэм.

Наурым и президентым хуэзащ

АБХЪАЗ. ***Республикэм и лIыкIуэхэр щыIащ Науру Республикэм. Абхъазым хамэ къэрал IуэхухэмкIэ и министр Кове Даур хуэзащ а къэралым и президент Диваваси Вакэ. Пъэныкъуэхэр тепсэлъыхьащ зэрыхуэдэлажьэнум, я зэпыщIэныгъэхэм зэрызрагъэужьынум.***

КОВЕ Даур Диваваси Вакэ фIыщIэ хуищIащ Науру Республикэр къэрал щхьэхуит зэрыхъурэ илъэс 50 зэрырикъур щагъэлъапIэм зэрырагъэблагъэмкIэ. Апхуэдэуи жиIащ къэралитIым я зэпыщIэныгъэм лъабжьэ зэрыхуэхъуар нэгъабэ шыщхьэуIум Науру и президентыр Абхъазым зэрыщыIар. Кове Даур Диваваси Вакэ иритыжащ Абхъазым и президент Хаджимбэ Рауль зэрыригъэблагъэр, Абхъаз зауэр текIуэныгъэкIэ зэриухэр илъэс 25-рэ зэрырикъур зэрагъэлъапIэм хэтыну.

ЗэIущIэм ирихьэлIащ Абхъаз Республикэм и Парламентым и Унафэщ1ым и къуэдзэ Харазие Садирэ дунейпсо организацэхэм ядэлжьэныкIэ департаментым и унафэщI Гагулие Артурэ.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэр лэжьыгъэ Iуэхуцкlэ хуэзащ ВТБ банкым и Iуэхущ1апIэу Ставрополь дэтым и унафэщIым

КЪБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Правительствэм и Унэм щыхуэзащ ВТБ банкым и Iуэхущ1апIэу Ставрополь дэтым и унафэщI Дыренкэ Александр.

ЗЭIУЩIЭМ къыщыхагъэщхьэхукIащ ВТБ-м и Кавказ Ищхъэрэ Iуэхущ1апIэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и предприятэхэм жыджэру зэрадзэIэпыкъуэ, абыхэм льготэ зиIэ щIыхуэхэр зэраритыр. ВТБ-м и мурадщ щIыналъэхэм я бизнесым зэрыдзалажьэм нэхъри зригъэубгъуну, инфраструктурэ проектхэмрэ социальнэ мыхьэнэ зиIэ проектхэмрэ гъэзэщIэным мылъку хилъхьэну.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Премьер-министр Мусуков Алий Правительствэм и Унэм щыIущIащ
Урысейм и мэкъумэшыщIэ хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм и тхьэмадэ Телегин Вячеслав

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ къуажэ щIыналъэхэм зегъэужьыным, мэкъумэш Iэнат1эм иджырей технологиехэр къыщыгъэсэбэпыным, фермерхэр, кооперативхэр, Iэщ зыгъэхьу уней хозяйствэхэр дэIыгъыныкIэ къэралым къыщыхальхьаэр пхыгъэкIыным хуэгъэзауэ зэрыщэдлажьэр щIэгъэхуэбжьэным.

ГУЛЪЫТЭ хэха хуащIащ Фермерхэм я дунейпсо зэгурыIуэныгъэм 2018 гъэм и гъатхэм Москва щригъэкIуэкIыну ассамблее нэхъыщхьэм КЪБР-м и мэкъумэшыщIэхэр зэрыхэтыным.

ЗэIущIэм кърихьэлIащ КЪБР-м и Правительствэм и Унафэщым и япэ къуэдзэ - КЪБР-м мэкъумэш хозяйствэмкIэ и министр Говоров Сергей.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Статистикэмкlэ къэрал комитетым къет

2017 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым мэкъумэшыщIэкIыу сом мелард 46,2-рэ и уасэ, нэгъабэ елъытауэ процент 103-рэ, къыщалэжьащ.

УФ-м Статистикэмкlэ къэрал комитетым и щIыналъэ управленэу КЪБР-м щыIэм къыщэритамкIэ, нэгъабэ республикэм мэкъумэшхэкIыу сом мелард 46,2-рэ и уасэ, 2016 гъэм елъытауэ процент 103-рэ къилэжьащ.

Иужьрей илъэситIым къриубыдэу гъэ къэс гъавэу тонн зы мелуаным щIигъу хадзэкIыу тонн мелуан ныкъуэм нэблагъэ (процент 117,8-рэ) ди мэкъумэшыщIэхэм кърахьэлIэж.

Жэм къэс ику иту къыщIаш шэ килограмм мини 5,1-рэ.

Апхуэдэу зэпIэзэрыту мэкъумэш продукцэм зэрыхэхуэм и щхьэусыгъуэу IэщIагъэлIэхэм къалъытэ агропромышленнэ комплексыр къэралыр зэрыдзэпэкъуу щIыкIэр зэпымыууэ зэрефIакIуэр.

КЪБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкlэ и министерствэм къитахэм япкъ иткlэ.

Физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыным сом мелуани 190-рэ хуэдиз хухах

«Урысей Федерацэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьыныр» федеральнэ программэм иткIэ 2018 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым сом мелуани 190-рэ хуэдиз къыхуаутIыпщынущ. Абы теухуа зэгурыIуэныгъэм Iэ щIадзащ республикэм и Правительствэмрэ УФ-м Спортымкlэ и министерствэмрэ.

Ахъщэр трагъэжьуэдэнущ Налшык къалэм дащIыхь спорт комплексыр нэгъэсыжным, республикэм и районхэм сабий спорт школхэмрэ узыншагъэр щрагъэфIакIуэ школхэмрэ щыуухуэным.

КЪБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

Мы махуэхэм

Мазаем и 1, *махуэку*

♦США-м щагъэлъапIэ Хуитныгъэм и лъэпкъ махуэщхуэр

♦1816 гъэм декабристхэм «Къегъэлакlуэхэм я зэгухьэныгъэ» зыфIаща я япэ щэхуурылажьэ гупыр къызэрагъэпэщащ.

♦1829 гъэм Нэгумэ Шорэ Налшык къыщыкIэзIуихащ сабий акъылыфIэхэр щрагъэджану школ.

♦1923 гъэм СССР-м щыяпэ ахъшэ хъумапIэр Петроград къалэм къыщIэзIуихащ.

♦1924 гъэм Инджылызым СССР-р езым и ухуэкIэ зиIэж къэрал щхьэхуиту зэрыщытыр кьилъытащ.

♦1926 гъэм Къыргызыз АССР-р къызэрагъэпэщащ.

♦1929 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал хорыр къызэрагъэпэщащ.

♦1931 гъэм Москва къыщIэзIуахащ «Союзкино» фабрикэ нэхъыщхьэр (иужькIэ «Мосфильм» киностудие хуъуащ).

♦1946 гъэм Лъэпкъ Зэкъуэтхэм я Зэгухьэныгъэм (ООН) и япэ секретарь нэхъыщхьэу хахащ Норвегием щыщ политик Ли Трюгве.

♦1992 гъэм Урысеймрэ США-мрэ Iэ щIадзащ «Зауэ щIыIэм и лъэхъэнэр» зэриухам теухуа декларацэм.

♦2003 гъэм узгум кьыщыуащ США-м и «Колумбия» кхъухьар, махуэ 16-кIэ хьэрщым щыIауэ къэкIуэжыр. Абы иса астронавтыбрли хэкIуэдащ. Хьэлъэ ихьурэ, а кхъухьар хьэршым 28-рэ кIуат.

♦Урыс щIэныгъэлI цIэрыIуэ, академик, дохутыр Iэзэ **Бехтерев Владимир** къызэралъхурэ илъэси 161-рэ ирокIу. Абы и цIэр фIащащ сымаджэщ, еджапIэ нэхъыщхьэ зыбжанэм.

♦США-м щыщ киноактёр щIэрыIуэ, «Оскар» саугьэтыр зыхуагъэфэща, игъэзэща роль куэдымкIэ цIыху мелуанхэм я гум кьина **Гейбл Кларк** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокIу.

♦КЪБР-м щIыхь зиIэ и артист **Кьардэн Льюстэнбий** къызэралъхурэ илъэси 89-рэ ирокIу.

♦Урысей къэрал лэжьакIуэ, УФ-м и япэ президентэ щыта (1991 - 1999) **Ельцин Борис** къызэралъхурэ илъэс 87-рэ ирокIу.

♦Медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, КЪБКЪУ-м и профессор **Лъэпщокъуэ МутIалиб** къызэралъхурэ илъэс 86-рэ ирокIу.

♦Археолог, шапсыгъ лъэхэрж, узэщIакIуэ **ТIэш Мадин** къызэралъхурэ илъэс 83-рэ ирокIу.

♦СССР-м и кхъухьлатэзехуэ-космонавт, Совет Союзым тIэунейрэ и ЛIыхъужь **Аксёнов Владимир** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Адыгэ Республикэм и цIыхубз тхакIуэ **Куэшбей Пщымахуэ** къызэралъхурэ илъэс 82-рэ ирокIу.

♦Балетым и къэфакIуэ, СССР-м и Къэрал саугьэтым и лауреат, Совет Союзым и цIыхубэ артистка **Максимовэ Екатеринэ** къызэралъхурэ илъэс 79-рэ ирокIу.

♦Совет хоккеист, олимп чемпион, СССР-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер **Фирсов Анатолий** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокIу.

♦УэрэджыIакIуэ цIэрыIуэ, РСФСР-м и цIыхубэ артист **Лещенкэ Лев** и ныбжьыр илъэс 76-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщы-тынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 3, жэщым щIыIэр градуси 6 - 5 щыхъунущ.

Мазаем и 2, *мэрем*

♦Псы-псыпцIэ щIыпIэхэм я дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ щIыхьым и махуэщ. Нэмыцэ-фашист зэрыпхъуакIуэхэм ялэщIэту Сталинград къалэм дежь махуэ 200-кIэ советыдзэхэм ирагъэкIуэкIа зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ иухащ 1943 гъэм мазаем и 2-м.

♦Азербайджаным и щIалэгъуалэм я махуэщ

♦1701 гъэм Пётр Езанэм унафэ кьыдигъэкIащ топ 18 зэрыбгъэувэ хьун кхъухьыхуих Ладогэ гуэлым щащIыну. Апхуэдэ щIыкIэкIэ кьызэгъэпэща хъуащ Балтие флотыр.

♦1911 гъэм США-м щыщ щIэныгъэлIхэм хэлъщIыу ящIащ хуэш узым (столбняк) узэрыпэщIэтыфыну мастэ зэрыхалъхьэм теуха хъыбарыр.

♦1918 гъэм ЦIыхубэ комиссархэм я советым унафэ ищIауэ щытащ «Члисэр къэралми еджапIэхэми къагъэгъэщхьэхукIыным теухуауэ».

♦1920 гъэм Эстониемрэ Совет Урысеймрэ Тарту къалэм мамырыгъэ зэгурыIуэныгъэ щызэращIылIащ. Абы ипкъ иткIэ Эстониер Республикэ щхьэхуиту къалэнитащ.

♦1943 гъэм СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым унафэ ищIащ «Хэку зауэшхуэм партизану хэтам» медалыр, япэ, етIуанэ нагъыщхэр зиIэр, къащтэну.

♦1946 гъэм Сахалин Ипщэмрэ Курилэмрэ хы-тIыгъэмрэ СССР-м къыхагъэхьащ.

♦Совет композитор, егъэджакIуэ, РСФСР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Гнесин Михаил** къызэралъхурэ илъэси 135-рэ ирокIу.

♦Хамэ къэралыр псэупIэ зыхуэхъуа ди лъэпкъэгъуэхэм ящыщ, Кавказыр джыным елэжьа, профессор, «Шэрджэсэхэр къызытекIар» тхыльыр зи Iэдакъэщ1акI **Намитокъуэ Айтэч** къызэралъхурэ илъэси 126-рэ ирокIу.

♦Франджым и Лъыхъужь **Хьэгъундокъуэ Елмэсхьан** къызэралъхурэ илъэси 120-рэ ирокIу.

♦Совет кхъухьлатэзехуэ щIэрыIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Чкалов Валерий** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокIу.

♦Тэтэр усакIуэ, Совет Союзым и ЛIыхъужь **Джалиль Муса** къызэралъхурэ илъэси 112-рэ ирокIу.

♦«Ленин гъуэгу» газетым жэуап зыхь и секретарь илъэс куэдкIэ лэжьа, КЪБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Джаурджий Iэбисал** и ныбжьыр илъэс 89-рэ ирокIу.

♦Физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, СССР-м, УФ-м я Къэрал саугьэтхэм я лауреат **Велихов Евгений** и ныбжьыр илъэс 83-рэ ирокIу.

♦Композитор, Адыгей къэрал университетым гъуазджэхэмкIэ и институтым и япэ ректору щыта, УФ-мрэ АР-мрэ гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, Кубаным щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ, профессор **КIыкI Хьисэ** къызэралъхурэ илъэс 81-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уэфIу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 3 - 6, жэщым щIыIэр градуси 3 - 2 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Лъэсыр шум щIонакIэ.

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэнымкІэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызыгъэзащІэ къэрал, муниципальнэ еджапІэхэм сабийхэм зэрыщыкІэлъыплъым икІи аэрэ зэрыщыззэрахьэм щапщІэ адэ-анэхэм нэхъыбэ дыдэу ят уасэр гъэувынымк и Іэухукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2018 гъэм щІышылэм и 23-м Налшык къалэ №9-ПП

«Егъэджэныгъэм и Іэухукіэ» 2014 гъэм мэлыжьыхьым и 24-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №23-РЗ-м и 5-нэ статьям и пункт 17-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэнымкІэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызыгъэзащІэ къэрал, муниципальнэ еджапІэхэм сабийхэм зэрыщыкІэлъыплъым икІи аэрэ зэрыщыззэрахьэм папщІэ адэ-анэхэм нэхъыбэ дыдэу ят уасэр 2018 гъэм гъэувын мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Муниципальнэ районхэмрэ къалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ я органхэм чэнджэщ етын зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэнымкІэ программэр зыгъэзащІэ муниципальнэ еджапІэхэм сабийхэм зэрыщыкІэлъыплъым икІи аэрэ зэрыщыззэрахьэм папщІэ адэ-анэхэм нэхъыбэ дыдэу ят уасэр илъэсым зэ нэхъыбэрэ зэрамыхъэжкІыну икІи ар мы унафэм нэхъыбэ дыдэу къыщыкІэлъэгъуа бжыгъэм ф1амыгъэкІыну.

3. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьан Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1м и къудзэ - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр Емуз Н. Гъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2018 гъэм щІышылэм и 23-м къыдигъэкІа Унафэ №29-ПП-м и гуэдзэн

Зи школ кІуэгъуэ мыхъуа сабийхэр егъэджэнымкІэ программэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щызыгъэзащІэ къэрал, муниципальнэ еджапІэхэм сабийхэм зэрыщыкІэлъыплъым икІи аэрэ зэрыщыззэрахьэм папщІэ адэ-анэхэм 2018 гъэм нэхъыбэ дыдэу ят уасэр

№№	Муниципальнэ районым, къалэ округым зэреджэр	Махуэ псом сабийхэм зэрыкІэлъыплъым папщІэ адэ-анэхэм нэхъыбэ дыдэу ят уасэр зыхуэдизыр, мазэм (сом)
1.	Бахъсэн муниципальнэ район	997
2.	Дзэлыкъуэ муниципальнэ район	1049
3.	Тэскэн муниципальнэ район	1049
4.	Майкопрэ муниципальнэ район	787
5.	Прохладнэ муниципальнэ район	787
6.	Тэрч муниципальнэ район	839
7.	Аруан муниципальнэ район	1364
8.	Шэджэм муниципальнэ район	1049
9.	Шэрэдж муниципальнэ район	923
10.	Іуащхьэмахуэ муниципальнэ район	839
11.	Налшык къалэ округ	1154
12.	Бахъсэн къалэ округ	1154
13.	Прохладнэ къалэ округ	920

● Махуэшхуэхэр

Дэрэжэгъуэ яІэу ягъэлъапІэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и щІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым иджыблагъэ Іэтауэ щагъэлъэпІащ Урысей студентым и махуэр. Абыкіэ хъыбар дигъэщІащ КъБКъУ-м и пресс-Іэнатіэм и лэжьакіуэ Солгаловэ Наталье.

А ІУЭХУГЪУЭ дахэм хуэгъэпсауэ еджапІэ нэхъыщхьэм къыщыдэгъэпэща гуфІэгъуэ пшыхьым университетым и студентхэмрэ егъэджакіуэхэмрэ нэмыщІ, къекІуэлІат хьэщІэ лъапІэхэри. Абыхэм ящыщт КъБР-м Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм и къудамэм и унафэщІ **Іэджыра Светланэ**, Урысейпсо цІыхубэ фронтым КъБР-м щиІэ къудамэм и гъэзэщІакіуэ комитетым и пашэ **Бэкъуей Евгений**, КъБР-м и Профсоюз зэгуэтхэм я федерацэм и унафэщІ **Амщокъуэ ФатІимэт**, КъБР-м щэнхабзэмкіэ и министрым и къудзэ **Іэщхьуэт Ритэ**, КъБР-м Футболымкіэ и федерацэм и унафэщІ **Мэшыкъуэ Аслъэн сымэ**, нэгъэзащІэхэри.

Зэрыхабзэу, университетым и щІыхьэпІэ нэхъыщхьэм деж студентхэм гъэпсыгъуэныгъэ хьэлэмэт къыщыдэгъэпэщат: лъэпкъ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэр зытет стІолхэр щегъэувэкІат. Іэнэ берычэтхэм щыплъагъурт адыгэ хьэлыуэр, балъкъэр хъыршыныр, узбек пловыр, урыс блиныр, уеблэмэ ягопхэм я суширр. Абыхэм ящыщ зыІуагъэхуащ хьэщІэ лъапІэхэм икІи къыхагъэщащ дэтхэнэ ф1ыскъыри зэрыльапІэр, шхыным пщІэ хэха зэриІэр. Нэхъ адэІуэкіэ щІалэгъуалэм адыгэ джэгу щыхэкашати, гукъыдэж зиІэ дэтхэнэри хуитт къекІуэлІахэр и лъэгу щІигъэплъыну.

Махуэшхуэр къызІуихащ КъБКъУ-м и ректор **Альтуд Юрий**. Ар гуапэу ехъуэхъуащ зи пашэ еджапІэ нэхъыщхьэм и студентхэм.

- Студент илъэсхэр гъащІэм и Іыхьэ нэхъ гукъинэжхэм ящыщщ. А лъхъэнэм цІыхум зыІэрегъэхьэ щІэныгъэ кУ, гум къыхиха Іэщ1агъэ, ныбжьэгъуфэ пэж - гъащІэ гъуэмылІэ иужькІэ хъуж нэгъуэщІ лъапІэныгъэхэри, - къыхигъэщащ ректорым. - Пщ1э хуэфщІ а щІалэгъуэ зэманым, купщІэншэу зы дакъикъи зрырымыгъэкІуэдыным фыхущІэкъу.

Хьэщхэуэсахэм хъуэхъу псалъэкІэ захуигъэзащ Іэджырэ Светланэ. Ар къеджащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1м и къудзэ - КъБР-м егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр Емуз Нинэ КъБКъУ-м и студентхэм махуэшхуэмкІэ зэрызахуигъэзам, езыри гуапэу ехъуэхъуащ гуфІэгъуэр зыхуэгъэпсахэм. Студентхэм ехъуэхъуащ адрей хьэщІэ лъапІэхэри. Республикэм и профсоюз зэгуэтхэм я федерацэм къыбгъэдэкІ фІыщІэ тхылъ Амщокъуэ ФатІимэт ириташ КъБКъУ-м и ректор Альтуд Юрий, еджапІэ нэхъыщхьэм и студентхэмрэ аспирантхэмрэ профсоюз лэжьыгъэм жыдэру зэрыхэтым папщІэ. Бэкъей Евгенийр Мэшыкъуэ Аслъэнрэ университетым тыгъэ хуащІащ КъБР-м футболымкІэ, УФ-м волейболымкІэ я командэ къыхэхахэм хэтхэм я Іэщ1эдзэкр зытет топхэр.

Нэгэгуэкъ Іэхуэгъуэхэм хэта нэхъ, хьэщІэхэр ирагъэблагъэщ махуэшхуэм щыпаща, Сокуров Александр и цІэр зезыхьэ актовэ пэш иным. А махуэм абы къыщыззрагъэпэщащ «КъБКъУ-м и пащащ нэхъ гуакІуэ-2018» зэпеуэ гъэщІэгъуэныр. Зэхьэзэхуэм кърихьэлІахэм я зэфІэкІыр къззыпщыгъэ гупым яхэтт КъБКъУ-м и студсоветым и пашэ Іэуплъэ Ахьмэд, университетым и студентхэмрэ аспирантхэмрэ я профсоюз комитетым и унафэщІ Бозий Исрэлъам, узрэджэныкІуэ щІалэ Узэрокъуэ Чэрим, телевиденэм и лэжьакІуэ Теппеев Ахьмэт, узрэджэныкІуэ Хьэтыхъу Вадим сымэ.

Нэжэгужэу, гукъинэжу екІуэкІащ зэпеуэр. ЕджапІэ нэхъыщхьэм и пащащ нэхъ гуакІуэхэм, дахэхэм, Іущхэм хальтащ студентхэзэу ЖьэкІэмыхъу Даринэ, Хочуевэ Ася, Жубоевэ Ланэ, Геккиевэ Дианэ, Хуторская Елизаветэ, Герчевэ Зухра, Мустафаевэ Залмэ. «КъБКъУ-м и пащащ нэхъ гуакІуэ-2018» цІэ лъапІэр фІащащ Дадали Лёля.

Студентхэм я махуэшхуэ пшыхьыр ягъэдэхащ уэрэджыІакІуэхэу Хьаздэхъу Мухьэмэд, Амщокъуэ Амырхан, Теунэ Джэмал сымэ.

КЪАРДЭН Маритэ.

Жылэтеж Сэлэдин Хьэмзэт и къуэр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щэнхабзэм хэщІыныгъэшхуэ игъуэтащ. И ныбжьыр илъэс 78-рэ хьуауэ 2018 гъэм щІышылэм и 27-м дунейм ехьажащ сценарист, усакІуэ, зэдзэкІакІуэ, журналист Жылэтеж Сэлэдин Хьэмзэт и къуэр.

Жылэтеж Сэлэдин 1940 гъэм щІышылэм и 18-м Арщыдан къуажэм къыщыдэхуащ. Абы Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым урысыбзэмрэ литературэмкІэ и къудамэр 1965 гъэм кІуэурэ хащ икІи къыщалъхуа жылэм дэт школым и егъэджакІуэу илъэсищкІэ лэжьащ. 1968 гъэм Кинематографиемкіэ урысейпсо къэрал институтым щІэтІысхьэри, кинодраматург, телевиденэм и литературэ лэжьакІуэ Іэщ1агъэр иІэу 1972 гъэм къыуха нэхъ, Орджоникидзе (иджы Владикавказ) къалэм ягъэкІуащ кинохроникэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ студием и редактору.

1976 гъэм щыщІэдзауэ Къэбэрдей-Балъкъэр телевиденэм и редактору лэжьащ. Жылэтеж Сэлэдин и Іэдакъэм къыщІэкІащ усэхэр, рассказэр щыхэхуэхьэса тхылъу 8, «Лъапсэмрэ къуэпсымрэ» романыр. Ауэ абы и зэфІэкІыр нэхъыбэу къыззригъэлъэгъуар сценарийхэр тхыныгъэ режиссурэмрэщ. КинохроникэмкІэ Кавказ Ищхьэрэ студием абы щигъэхьэзыращ «Кавказ Ищхьэрэ» киножурналым и къыдэкІыгъуэу щэщІым щІигъу. 70-80 гъэхэм нэхъ гу зылъатапхъэ лэжьыгъэу щытащ Жылэтеж Сэлэдин и сценарийкІэ «Союзмультфильм» киностудием щытраха «Сосрыкъуэ», «Сосрыкъуэрэ Инижьымрэ» мультфильмхэр.

Лэжьыгъэм къыщигъэлъагъуэ зэфІэкІымрэ творческэ ехъулІэныгъэхэм папщІэ Жылэтеж Сэлэдин Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІыхь тхылъыр къыхуагъэфащащ. Абы КъБР-м и Журналистхэм я союзым, «Литературная Кабардино-Балкария» журналым я саугъэтхэр, СССР-м телевиденэмрэ радиомкІэ и комитетым и щІыхь дамыгъэр къыхуагъэфащащ, лъэпкъ драматургиемкІэ республикэ зэпеуэм щытекІуащ.

ЦІыху хьэлэмэтыр, усакІуэ, журналист Іэкіуэльаныр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм исхэм зэи ящыгъупщэнкъым.

КъБР-м Щэнхабзэмкіэ и министерствэ, КъБР-м и ТхакІуэхэм я союз.

КъБР-м и Мэкъумэшыщіэ (фермер) хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм

2018 гъэм щІышылэм и 31-м сыхьэт 11.00-м КъБР-м Мэкъумэш хозяйствэмкІэ и министерствэм и пэшышхуэм къыщыдэІуаха республикэм и Мэкъумэшыщіэ (фермер) хозяйствэхэмрэ мэкъумэш кооперативхэмрэ я ассоциацэм хиубыдэ фермерхэм я зэІущІэ. Абы гъэ кІуэм кърикІуахэр къыщащІыгъэжащ, фермер лэжьыгъэм хэлъ гугъуехьхэмрэ Іэнатіэм зегъэужьыныкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэмрэ щытепсэлъыхьащ.

Блэкіа илъэсым нэхъ зэфІэкІышхуэ къэзыгъэлъэгъуа мэкъумэш лэжьакІуэхэм зэІущІэм щратыжащ щІыхь тхылъэр, дипломхэр, «2017 гъэм и фермер нэхъыфІ» медалыр.

Ассоциацэм и унафэщІхэм, Советым хэтхэм, фермерхэм я район зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэм къадэкІуэу зэІущІэм хэтыну кърагъэблагъат республикэм мэкъумэш хозяйствэмкІэ и Іэнатіэм и унафэщІхэр, ди гъунэгъу щІыналъэхэм я мэкъумэшышІэ (фермер) зэгухьэныгъэхэм я унафэщІхэр.

ЗэІущІэм апхуэдизу щыхахащ Урысейм и Мэкъумэшышіэ (фермер) хозяйствэхэм я ассоциацэм мазаем и 19-20-хэм Москва щрикъэкІуэжьыну XXIX съездым КъБР-м къыбгъэдэкІыу ягъэкІуэну делегатхэр.

Мазаем и нэмэз щІыгъуэхэр

● Фи лъэІукіэ

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр	Жасыр
1, махуэку	05.52	07.23	12.29	15.03	17.17	18.56
2, мэрем	05.51	07.22	12.30	15.04	17.19	18.58
3, щэбэт	05.50	07.21	12.30	15.05	17.20	18.59
4, тхьэмахуэ	05.49	07.20	12.30	15.06	17.22	19.00
5, блыщхьэ	05.48	07.18	12.30	15.07	17.23	19.02
6, гъубж	05.47	07.17	12.30	15.08	17.24	19.03
7, бэрэжьей	05.46	07.16	12.30	15.09	17.26	19.05
8, махуэку	05.44	07.15	12.30	15.11	17.27	19.06
9, мэрем	05.43	07.13	12.30	15.12	17.28	19.07
10, щэбэт	05.42	07.12	12.30	15.13	17.30	19.09
11, тхьэмахуэ	05.40	07.11	12.30	15.14	17.31	19.10
12, блыщхьэ	05.39	07.10	12.30	15.15	17.32	19.11
13, гъубж	05.38	07.08	12.30	15.16	17.34	19.13
14, бэрэжьей	05.36	07.07	12.30	15.17	17.35	19.14
15, махуэку	05.35	07.05	12.30	15.18	17.37	19.15
16, мэрем	05.34	07.04	12.30	15.19	17.38	19.17
17, щэбэт	06.32	07.02	12.30	15.20	17.39	19.18
18, тхьэмахуэ	05.31	07.01	12.30	15.21	17.41	19.19
19, блыщхьэ	05.29	06.59	12.30	15.22	17.42	19.21
20, гъубж	05.28	06. 58	12.30	15.23	17.43	19.22
21 бэрэжьей	05.26	06.56	12.30	15.24	17.45	19.23
22, махуэку	05.25	06.55	12.29	15.25	17.46	19.25
23, мэрем	05.23	05.53	12.29	15.26	17.47	19.26
24, щэбэт	05.21	06.52	12.29	15.27	17.48	19.27
25, тхьэмахуэ	05.20	06.50	12.29	15.28	17.50	19.28
26, блыщхьэ	05.18	06.49	12.29	15.29	17.51	19.30
27, гъубж	05.16	06.47	12.29	15.31	17.52	19.32
28, бэрэжьей	05.14	06.45	12.29	15.31	17.54	19.33

ЩІыхуэхэр зэрызытрагъэкІыну Іэмалхэм топсэлъыхь

● Бахъсэн щІыналъэ

Бахъсэн район администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэ Ует Анатолэ ирилъэкІуэкІащ къуажэ щІыпІэ администрацэхэмрэ жылагъуэр псыкІэ къызэзыгъэпэщ Іуэхущ1апІэхэмрэ я унафэщІхэр зыхэта зэІущІэ.

КъЫІЭЗХУЭСАХЭР нэхъыбэу зытепсэлъыхьар псыр бжьамийхэм ирикІуэн папщІэ къагъэсэбэп насосхэр зэрылажьэ электрокъарум и уасэр ямыту къуажэхэм я щІыхуэхэр зэрызэтрихьэмрэ ар зытегъэкІыным и хэкІыпІэхэмрэщ.

- Къагъэсэбэпа электрокъарум и уасэр и чэзум къыхэкІыжу зэтеублэныр ялэ игъэщыпхъэ Іуэхугъуэхэм ящыщщ, - жиІащ Ует Анатолэ. - Абы и мыхьэнэр къыгурагъаІуэу цІыхухэм яхуэзэн, къуажэдэсхэм пыухыкІауэ епсэлъэн хуейщ, а лэжьыгъэр щІэх-щІэхьыурэ ирагъэкІуэкІ.

ЗэІущІэм унафэ къыщащтащ зи гугъу ящІа Іуэхур зи пщэрылъ къудамэхэм замыгъэгъуэзу зэфІахыну, щІыхуэхэр икІэщІыпІэкІэ къыхахыжыну.

Ухуэныгъэмкіэ, архитектурэмкіэ, ЖКХ-мкІэ район управленэм и унафэщІ Багъ Альберт и къэпсэлъэныгъэр теухуат «2018-2020 гъэхэм къырибыдэу Бахъсэн щІыналъэм и къалэ щІыпІэхэм иджырей мардэм къекІуу зегъэужьын» мэкъумэш лэжьыгъэм иджырей мардэм къеІэуу зэгъэужьыну щІыналъэ зыхуэунэтІар ахэращи.

КІЭШ КІуэкІунэ.

● Узыншагъэ

Мылъкушхуэ зытекІуадэ къэпщытэныгъэхэр

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныкІэ и министерствэм къищта унафэм ипкъ иткІэ 2018 гъэм уэ гъэтІылъа хьэлъэ зиІэхэу поликлиникэхэм я сымаджэхэм мылъкушхуэ зытекІуадэ къэпщытэныгъэу мин 19-м щІигъу щІэнэшэу хуащІынуц. Абы текІуэдэнур ФІэкІыпІэ зимыІэ медицинэ страхованэмкІэ щІыналъэ фондым къыхэкІынущ. Къэпщытэныгъэхэр зэрырагъэкІуэкІыну Іэмэпсымэхэр зиІэ медицинэ Іуэхущ1апІэхэм зэгурыІуэныгъэхэр иращІылІащ.

А УНАФЭМ хеубыдэ КТ-р, МРТ-р, перинатальнэ УЗИ-диагностикэр, диализыр, пщэмрэ щхьэмрэ екІуалІэ лъынтхуэм и щытыкІэр, аллергиер зыхуэдэр къыззращІэ Іэмалхэр, тхьэмащІыгъум и узыфэхэмкІэ молекулярно-биологие къэхутэныгъэр.

Программэм хохьэ сабийхэми балигъхэми щхьэкІэ щыІэ поликлиникэхэр, район сымаджэщхэм епхауэ лажьэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр. Мылъкушхуэ зытекІуадэ къэпщытэныгъэхэр пщІэнэшэу зэрырагъэщІыну тхылъхэр поликлиникэхэм щыІэ дохутырхэм сымаджэм иІэ щытыкІэм теухуауэ иратынущ.

- Псом япэу апхуэдэ тхылъхэр зратынур поликлиникэхэм щылажьэ Іэщ1агъэлІхэм я закъуэкъым, атІэ жылагъуэхэм щыпсэу цІыхухэри абы къыхэшэн хуейщ, къуажэм щыІэ псэукІэр иджырей мардэхэм къеІэзэгъыу къызэрагъэпэщыныр зыхуэунэтІар ахэращи.

КЪБР-м и прокуратурэм диІыгъащ нэхъ тыншу щаІыгъ щІыпІэм ирашу хабзэ ткІий здэщыІэ лъэхъуэщым ягъэкІуэным теухуауэ къыхалъхьар.

ПРОКУРАТУРЭМ и лІыкІуэри хэту Шэджэм район судыр хэпльащ Урысейм и ФСИН-м Къэбэрдей-Балъкъэрымкіэ и къудамэм и лъэхъуэщ №1-м и унафэщІм ягъэтІысахэр хабзэхэр щІынэхъ ткІий щІыпІэм ягъэІэпхъуэным теухуауэ къита тхылъитІым.

Іуэхур щызэхагъэкІыж белджылы къэхуащ суд зытращІыхьахэм ящыщ зым а лъхъуэщым щызекІуэ хабзэхэр 122-рэ къызэрызэпиудар икІи абы щхьэкІэ жэуапым зэрыращэлІар. ЕтІуанэ тутнакъым хабзэхэр 43-рэ къызэпиудат. Ари мызэ-мытІэу, езым и закъуэ яІыгъын хуей хъуащ. ТІуми тезыр ирахьэкІыну щыІэ щІыпІэм щызекІуэ хабзэхэр ерыщу ямыгъэзащІэу къалъытащ.

КъБР-м и прокуратурэм лъэхъуэщым и унафэщІм тегъэщІапІэ ищІ псори диІыгъащ.

Шэджэм район судым и унафэкІэ тутнакъэр ягъэ мази 8, етІуанэр - мази 6 пІалъэкІэ ягъэІэпхъуащ нэхъ ткІийуэ щаІыгъыну щІыпІэм.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● Тезыр

Езыхэрщ зи ягъэр

● Май щІыналъэ

Хэхыныгъэхэм зыхуагъэхьэзыр

Май щІыналъэм зыхуегъэхьэзыр Урысейм и Президентыр щыхахыну махуэм.

МЫ ЗЭМАНЫМ цІыхубэр егъэпІейтІей хэхныгъэхэм жылагъуэ лэжьакІуэхэр зэрыкІэлъыплъыфыну щыкІэм.

Фызэрыщыгъуазэщи, екІуэкІыну Іэ-Іэтым хэтынущ Іуэхур зэрекІуэкІым кІэлъыплъынухэр. КъБР-м и Жылагъуэ палатэм ищІа чарфам ипкъ иткІэ, ахэр ирагъэджэнущ, я пщэрылъхэр тэмэму ящІэн папщІэ. Къапщтэмэ, Май щІыналъэм семинарым игъэкІуэнухэр егъэбелджылы. Абыхэм яхэтщ хэхыныгъэхэм фІыуэ хэзыщІыкІ жылагъуэ лэжьакІуэхэр, егъэджакІуэхэр, къулыкъущІэхэр.

Районым хэхыпІэу иІэр унафэщІхэмрэ Хэхакіуэ комиссэм хэтхэмрэ къызэхакІухь, Іэ1этыр щекІуэкІыну махуэм зэрыхуэхьэзырыр зэрагъэлъагъу. Псом нэхъыр нэхъ лэжьыгъэшхуэ щекІуэкІыр Май къалэрщ. ЦІыхур зэкІуэлІэну щІыпІэхэр къанэ щымыІэу ягъэбелджылащ, ахэр 40-м щІегъу. - «Иджы хуэдэу ди цІыхухэр хэхныгъэхэм хэзгІащІэу зэи къэхуакъым. Ди нэхъыкъэри нэхъыщІэхэри хуейщ къэралым и къэкІуэнэр зэлъытауэ къалъытэм папщІэ Іэ яІэтыну», жаІэ дызэпсэлъа къалдэсхэм.

ШЭРДЭЖ Дисэ.

Мэшбащ1э Исхьэкъ

Ажал Iуащхьэ

Тхыдэ романым щыщ пычыгъуэхэр

(КIэухыр. Пэщ1эдзэр №13-м итщ).

Сульт1аныр и щыпэлъагъуэ Къапл1эн-Джэрий, и ныбжькI1э щыуакъым: езым нэхъ р1ыгъ ил1эситхукI э нэхъыщ1эщ.

Илъэс щэщ1рэ тхуэ зи ныбжь Ахьмэд Ещанэр тырку сульт1ан Мэхьмэт Еплланэм и къуэщ, 1673 гъэм къал1хуащ и къуэшыр, Мустэфа Ет1уанэр, традза нэужь, езыр пащтыхь хъуащ. Сульт1ан къулыкъур къыщыI эрыхьа махуэм щегъэжьауэ, кърым хъ-ныр къыгъэI ъурыщ1эурэ, Урысейм пэуващ. Шэрджэсым, Къэжэрым я I эхуэм къыхимыгъэI эбэн щхьэкI э. Урысейм зауэ кьезыщыI ь Швецием и пащтыхь Карл Епщыкут1анэмрэ Украинэм и л1ыщхьэ Мазепрэ егъэныбжьэгъу, дэI эпыкъуэгъу яхуэхъункI э къигъэгугъэ зэпытщ. Зыгъэгумэщ1и щы I эщ: Европэм къыкI эрыхуащ куэдкI э. Уэсмэн къэралыгъуэм Европэм гъэсэныгъэкI э щыхьэн л ъэкI ыркъым.

- Фыкъеблагъэ, фет1ысэх, - жери, сульт1аныр и тахъэм т1ысхьажащ. - Зи дуней хьэху дыпет Алыхьышхуэм къыт1хуиутIыпща уахътыр пщ1энш эу дгъэкI ынкъым, дыщ1ыззрихьэ л1а I эхуми кIыхь зедгъэщ1ынкъым - ичынды нэмэзыр къэблэгъащ. Шэрджэс I эхуэм щы-гъуазэ дыщ1, хъан, сыт я хъыбар?

Къапл1эн-Джэрий сульт1аным и пащхьэ иуващ, зигъэщхъри къыщ1идзащ:

- Сэр нэхърэ нэхъ ущыгъуаз ээми, зи щыхьыр ин, зыгъэри щы I эгъужьафы си гуг ъэщ. Уэрэ зэрыпщ1эщи, къырэ дзэпщ Менгглы-Джэрий и дзэр Къэбэрдейм къыщы I эзхакъутащ, абы уэзрыщыгъуаз эм шэч кIы-тесхьэркъым. Чингиз-хъан дзэпщышхуэм и фIыщ1эщ Къры-мыр псэуплI э зэрытхуэхъуар. Кърымыр псэуплI э зэрытхуэхъу л1андэрэ ди I эхуэр дгъэущ. Уэ жыпI ам сытетынщи, си псалъэм кI эщI зезгъэщ1ынщ. Кърымымрэ Псыжьрэ щыпсэухэм тырку сульт1аныр зыпащI щы I экъуэн, уранэщ, урапсэщ, абыхэм тыгъэ къыпт хуэгъэхьащи, зумысыгъуэдж: мы дыщэ-дыжьын къамэр сIыпхмэ, абыхэм я гуапэ дыдэ хъунущ ... Уи тетыгъэр кIыхь ухъу, Алыхьым утхуигъэпсэу, пщIэрэ щIыхьрэ къобэкIыу.

Сульт1аныр Муртаз-пащэм хущIопл1рэ, игукIэ жеI э: «Мы си пащхьэ и ит хъанкр уэзрыхуейуэ бгъэIуарыщIэфынущ. Деплынкъэ мы хъан щхьэщ1тхъум Къэбэрдейм щыщхэфIэкI ынум. И кIуэщым кIращIар кIращIэмэ-щэ? Къребгъащ1э хъунукъым! Абы нэсмэ, швед пащтыхьыр гIыпсэ къытхуэхъужынкъым, Мазепэ зэрыгъэгугъ-гъ-ъэхр псыхэIаудэ хъунущ, Урысейм я пащтыхь Пётр зыхуейр къехъуI энщ и т1ан э»...

- Алыхьыр арэзы къыпхуэхъу, хъан, - гупсысэм кIыхьэужащ сульт1аныр. - Дигу ирихьи псалъэкI э дыбгъэгуфIащ. Уи блыгущ1этхэм сахуэарэзыщ, фIыгъуэр Тхъэм хъаригъэуал I э. Си фIэщ мэхъу я I эхуэр зрыдэкI ынур. Уи къуэшым Шэрджэсым къыщращ1ар сигу кIоуэ - ар схуажеп I эжынщ уи блыгущ1этхэм. Фи бийм я щхьэр кIыззрыфхыфынум щэч кIы-тесхьэркъым - ар Алыхьым кIывирIъэхъунI э. Пэжкъэ, Муртаз-пащэ? Уэ сыт щIыбгъужын?

- Уи псалъэр угъурлIгъэ нэщэнэщ, уэ жыпIам сэ зыри схущ1ыгъужынкъым. Нобэ жыпIэмэ, сыхьэзырщ! - жиIащ Муртаз-пащэ, къыщ1ильэтри.

- АтIэ, пащэ, аскэр мин дапщэ епIэжьэфынур?

- Кафф э щ1ытIыгъ дзэлI минихри дыхьэзырыпсщ!

- Дэгъуэщ. Дэгъуэ дыдэщ, пащэ. Аскэр минитхри ирикъунщ. Кафф э зы мин кIыдзанэн хуейщ, аз зауэлIынш э тщIы хъунукъым. Аскэр минир быдгъ-ренэ Кафф э. - Къапл1эн-Джэрий дежкI э епIэжкIащ сульт1аныр. - Уи дзэр дапщэ хъурэ, хъан?

- Тхъэм жиIэмэ, Къырымым мин щэ ныкъуэ щ1ызздгъэуIун тлъэкI ынщ.

- «Щ1ызздгъэуIун» псалъэм кIыкIыр кIызгурыIуэркъым, хъан, - нейI-нейуэ кIепIлащ сульт1аныр кърым хъаным. - Дзэр иджыри къэс фIымыгуфIуеяуэ ара?

- Ди дзэр сыт щыгъуи хьэзырщ. Муртаз-пащэ и дзэлI минитхэр къытхэхъуэжмэ, нэгъуэщI гъуси диIэнущ: Сиваш дыз эпрыкIрэ ди л1эпкъэгъу нэгъуейхэм дахьхьэмэ, хъыбар зэрызагъэщ1амкI э, дзэлI минипщI ныддежьэнущ, ахэр ди гъусэщ, - жиIащ хъаным.

- ЗэрыжьпI эмкI э, аскэр мин плIыщI ри I эмыщI э ильэ. Ар дзгъэущ, - пищащ сульт1аным. - Къэбэрдей щэрджэсхэм сыт хуэдизыдзэ кIыпагъэуфыкIыну?

- Къэбэрдей щэрджэсхэм яп-щхэр зэныкъэжъу зэпытщ, зэгурыIуэркъым. Дз къыт1пэувын дзэ зэрагъэпэщыкIынукъым абыхэм. Мин пщыкIутху нэхъыбэ яг ъэшэсхи яхуэзэфIэкI ынукъым.

Сульт1аным и щхьэр кIыIэтри, Къырым-Джэрий къепIлащ:

- ИтIани фымыбэлэрыгъ. Шэрджэсхэри дэ тхуэдэщ: зэуакIэ пхъашэщ, я щхьэхуитыныгъэм я гъащIэр щIатыфынущ... ЛIы Iущ къахэкIмэ, шэрджэсхэр зэщIигъэшэсэфынущ. Менглы-Джэрий насыпышIэм абыхэм нэгъабэ къращIар зэщ1амыгъэгъупщэ. Къуэ зэвхэм, Iуащхьэ л1ьагъэхэм зыщагъэбыдэ я хабзэщ абыхэм. Фахуэсакъ, л1ыгъэмрэ Iэщ1эмрэ зыри я уасэкъым, зэуэкI э умыщ1эмэ...

Муртаз-пащэ сульт1аным и псалъэр игу иримыхьынкI э Iэмал иIэтэкъым: пащтыхьым зыхуигъэщхъащ, ауэ пидзыжаIакъым. Хъанми хуеплъэкIащ пащэр: къыззрыбгурыIуэнкI э, фэщIагъуэ ирипл1ъакъым хъаным: «Мыра сыздззэуэнур?» - арагъэнщ и пл1ъэкI эм къригъэкIар.

Сульт1аным гу л1ытагъэнщ пащэр хъаным ней-нейуэ зэрыхуеплъэкIам:

- Зыгъэр къыджеплэн пфIэигъуэ, пащэ?

- Шэрджэсхэм щхьэкI э жыт1энур жыт1акIащ. Хуит сыкъэпщIмэ, сыноупщIынут ди пщэ къыдэплъхьам и пэжыпIэмкI э, - жиIащ Муртаз-пащэ.

- Узахуэщ, шэрджэсхэм щхьэкI э жыт1энур жыт1ащ. Ди Iуэхур къыззрыдзэхъуIэнум иджыри зэ сыщIэупщIэнут, - жери сульт1аным и нэр пащэмрэ хъаным я къатриубыдащ.

- Ди сульт1ан нэхум и псалъэр дгъэззщIэнщ, абы шэч хэлъкъым. Шэрджэсхэр псори уи пащхьэ къидгъэувэнщ. Уи аскэрхэм я пщэ дэплъхьар ягъэззщIэнщ - абы щыхьэт сытохьэу сэ. Къэбэрдей шэрджэсхэм я деж зэуакIуэ дыщIэкIуэр къздгъэIэсэн, я пэр щIым щытхуэн щхьэкIэщ. Апхуэдэ къалэн ди пщэ зэрыдэлъыр зэи зэрыгъэгъупщэнкъым.

- Шэрджэс жыIэмыдаIуэхэм жыхьэнмэ мафIэр етщIыпIэнщ, ди къарур здынэсыр едгъэлъагъунщ, - жиIащ сульт1аным. - Къэбэрдей шэрджэсхэми адрей л1ъэпкъхэми я л1ъэр убыдын хуейщ, урыс пащтыхьым пэIэщIэ хъун щхьэкI э.

Сульт1аныр и псалъэр зэпигъэури, заулкI э зиIэжащ, хъынымрэ дзэпщымрэ къахущIэпл1ъу. ИтIанэ къеупщIащ:

- Къывгурыуа?

- Къыдгурыуащ, зи щыхьыр л1ьагэ, - жэуап къытыжащ Муртаз-пащэ. - Дзыхь къыдзгъэз, шэч л1ъэпкъ къытумыхьэ ди пщэ къыдзэплъхьа Iуэхур зэрызэфIэтхынур и кIэм нэсу. Ди псэм дыщысхьынкъым. Урысейм кIэ пщ1ым шэрджэсхэм я нэр итщIынщ.

- Ар хъарзынэщ... КъывгурыIуамэ, сэ нэгъуэщI сыхуейкъым, - жиIащ сульт1аным. - Алыхьышхуэм дыззхищыкIынщ, гъуэгу захуэ дытригъэувэнщ, и нэфI къытщыхуэнщ. Муртаз-пащэ, уи Iуэхур нобэкI э дыухынщ. Каффэ и Iуэхум пщэдей дытепсэлъыхьынщ. Пщэдей фIэдгъэкIынкъым - шэджагъуэм дежь дыз1эуIущ1эщ, Иджы Къапл1эн-Джэрий дэрэ Кърым Iуэху гуэрхэм дытепсэлъыхьынщ.

Кърым Iуэху гуэрэ тепсэлъыхьакъым сульт1анымрэ Къапл1эн-Джэрийрэ.

- НакIуэ, хъан, ичынды нэмэзыр къэблэгъащ. Ичынды нэжжьым нэгъуэщI Iуэхуи къытпоплIэ. Си хьэщ1эщым ущыгъгъэтхъэнщ. СыноплIэри, сэр нэхърэ унэхъыщ1эщ, уи къару илъыгъущ. Си л1эгъунэм урым, арнаут, урыс, хъэрып, тыркъ, тэтэр гуащэхэр къыщытпоплIэ. Уи нэм къыкIэнэр кIыхьэх, - къыдзэгушыIащ сульт1анэр хъаным.

- Уи псалъэм себэкъуэнкъым, - зи щыхьыр ин: накIуэ жыпIэмэ, сыхьэзырщ, - жиIащ Къапл1эн-Джэрий. - ИгукI э щIиг ъужащ: - «Мы слъагъур сульт1ан пхъашэ къудейкъым, гушыIэкIи ещIэ, зэрыщIыхухъур зыщигъэгъупщэркъым...»

Хъаныр Iэнкун хъуэуэ гу щыл1ытэм, сульт1аныр пыдыхьэшхыкIащ:

- Апхуэдэ уи щыпэлъагъу, хъан?

- Хьэуэ, хьэуэ... Апхуэдэ лэгъунэ ди дежкI и щыIэщ. Дзыхь къыззрысхуэпщIар си гуапэ хъуащи, араш сыщIэIэнкунэр, - жиIащ л1ъэкъым.

Сульт1аныр пыдыхьэшхыкIащ:

- Iэнкун ущIэхъун бжесIакъым. Бжыыр зытелъ витIым зэгуэр загъэпсэхун хуейкъэ?

- Узахуэщ, сульт1ан. Узахуэщ... Уи псалъэм сыфIэкIынукъым, - жери Къапл1эн-Джэрий и бгъэгущт1алъэ жыпIам иIэбэрэбыкIащ. - Мы налкъутналмэс Iэлъынымрэ тхъэгъумрэ си унэгуащэм и тыгъэщ - уи унэгуащэм къыхузигъэхьащ...

- Ар зигу къэкIа хъан гуащэм тхъэр арэзы къыхухъу...

Ичынды нэмэзым и ужькIэ, сульт1аныр къыхъан хъаныр л1ъэныкъуэ зрагъэзри, Iэнэм пэрыт1ысхьащ. «Алыхьым игу къыдэбгъэнкъым, нобэ зы бжьэ дефэкIэ» - араш ичынды нэужьым сульт1аным игу къэкIар.

- Шэрджэс махъсымэри си куэдщ, нэгъуэщI фади сыщыщIэркъым, - хьэлэл къыщыхьум зиумысижащ сульт1аным. - Швед пащтыхь Карл Гроднэ къалэр зыIэщIилъхьакIэщ, иджы Минск теуэн мурад иIэщ. Минск кIиубыдмэ, Мэзкуукlэ иIэнтIэнущ. Мэзкуу зэгуэр згъэсауэ щытащ фэ, фытеуэри. Карл дзэпщышхуэщ, пащтыхь къудейкъым, урыс къалащхьэр хьэбэсабэ ищIыфынуц. Ар си жэгъэрейщ сэ, Къэбэрдейм (Шэрджэсым) лIыгъэ щызэпхьауэ къэбгъэзэжа нэужь, нэIуасэ ухуэсщIынщ си хэгъэрей дзэпщышхуэм. Карлщ жыхуэсIэр. Апхуэдэ дзэпщышхуэм хэгъэрей ухуэхъумэ, къыщыхьэпэжынущ, ар сыт щыгъуи къыбдэщIынущ, - Урысейм утеуэми, шэрджэсхэм я деж зэуакIуэ уKIуэми.

- Ар си гуапэ дыдэ хъунущ. Апхуэдэ дзэйхэр сыт щыгъуи къытщхьэпэнщ. ЗекIуэ дежьэн мурад дызэриIэр бжесIакIэщ. Шэрджэсым дыкъыкIыжмэ, нэIуасэ захуэсщIынщ, - жиIащ Къапл1эн-Джэрий.

- Шэрджэсым къыкIыжыкIэ Iэдджэ иIэщ, - щIигъащ Сульт1аным. - Фымыбэлэрыгъ.

- Хъанхэм бэлэрыгъ ди хабзэкъым...

- Абы фытет... Кърымыдзэр Шэрджэсым зэрыпшэр зыфIэмыфI мырзэхэр къыфпрэууэ си гугъэщ. Сыт ягу темыхуэр?

- Абыхэм жалэ псори яхуэпщIэн хъумэ, гъуэгу утехьэнкъым, зекIуи уежьэнкъым. Дэ зауэшыуэ дыкъигъэщIащ. Кърымым и лъэр быдэ зэрыхъунырщ зи ужь дитыр, - жэуап итыжащ Къапл1эн-Джэрий.

- Щхьэ ффIэтщ - уэрэ, уи Iэзыхэр къыбдзэшIыгъэхэми, - жери, Ахьмэд сульт1аным игукIэ щIигъужащ: «Мыбы дзыхь хуэпщI хъунущ, укъигъэщIэхъунукъым...»

Жанхъуэт и хьэщ1эщым

ШУРДЫМ Жанхъуэт, къущхьэхъум къикIыжри, и унэ къэсыжащ, шыр игъэзагъэри пщIант1ым зыщ1ипл1ъыхащ, унэм пэмыжыжьэ хьэщ1эщым ипл1ащ. Жьэгум мафIэ зэрыщ1ащ1ыхьар зыхэпщIэу, хьэщ1эщыр хуабэт, къабзэпл1абзэу зэпл1ыхат. Л1ъэ макъ зэхихри, зригъэзэкIащ Жанхъуэт.

- Уэрэ ар, щIала?

Л1ъэ макъ зыщIар Жанхъуэт и унэгуащэрат.

- Щ1алэр къэсыжакъым. Джылахъстэнэйм щыIэщ иджыри. Согузавэ, - жиIащ унэгуащэм. - Щхьэ къэгувэрэ?

- И гъусэхэр къэкIуэжа? И захъуэ къэтыр?

- Аракъэ сыщIэгузавэр, - къыпидзыжащ унэгуащэм. - Дунейр щIагъуэкъым...

- Шурдымхэ я нысэ, уи щхьэм мыхъун къыумыгъэхьэ. И гъусэхэр зэрыхъу езыри хъунущ. Хьэзыр гуэр уиIэмэ, къысIуГъахуэ. МащIэ ущыгъэ, къысIуГъахуэ. ЗыщIэуэ зэремыхэр.

- Мыхьэзыру хъурэ! Iэнэр къыпоплIэ... Ялыхь, гущIэгъу къытхуэщI, щIалэр узынщэу къытхуэхьыж.

- Умыгужьей, жылэр зэрыхъу хъунщ.

- Алыхьым къытхуихьыж...

Пшапэр щызэхэуэм, Жанхъуэт и хьэщ1эщым щIыху зыбжанэ - нэхъыжьи нэхъ щIали - кIиихащ. Нэхъыжьхэр игъэтIысащ, щIалэхэр бжэщхьэIум къебакъуэхэри зэхэувэжауэ зэхэтщ.

Щхьэгубжэ зэвым мазэм и нэхур къыдедз. ЛIыжь тутынафэхэм я Iугъуэм нэр щIесыкI, мытутынафэхэм ар яхуэмышэч защIри загъэпсчэуIу.

Гушыlэн зи щIасэ зы лIыжь яхэсти, псалъэ кIапэр абы зыIэригъэхьащ.

- Тутын Iугъуэм фи нэр щIевгъэсыкI нэхърэ нэхъыфIщ, сэ зы хъыбар вжеIэнщи. Хъуэжэ и хъыбарщ ар.

- КъыджепIэркъэ! КъыджепIэркъэ! - я гуапэ хъуащ псоми.

- Хъуэжэ и жэмыр хъуакIуэ диухат, жалэ. Жэмыр игъэхъуакIуэрэ, Хъуэжэ сохъутэ шу гуп кIрихьэлIащ. Хъуэжэ къыщащIыхум фIэхъус-сэлам кърахащ сохъутэ шухэм:

- Бохъу апщий, Хъуэжэ!

- Тхъэм фигъэпсэу. Феблагъэ! - пидзыжащ Хъуэжэ.

ЩIалэ бзаджэ гуэр яхэтт сохъутэ шухэм. Хъуэжэ дэгушыIэн мурад ищIащ щIалэ бзаджэм.

- Деблэгъэн и пэ уигу иримыхь хъыбар мыфэмыцIу гуэр бжетIэнущ.

- Хъыбар мыфэмыцIу Iэджи щIэзэкIуэ дунейм, яшхэхэ зэзгъэжефIэ.

- Пщэдей дунейр къутэжыну жаIати, ди ныбжьэгъуэхэр зэдгъэлъагъужынщ жыт1эри дыкъежьащ...

- Хъыбар щIагъуэкъым ар. Сыт къэухъу? Сыт тщIэнур-тIэ, сыт ди Iэмал?

- ПщIэнуращ: мы жэмыбгъэр сыту пщIыжын: тхуэбукIрэ дыбгъэшхатэмэ, уэри псапэ къэпхьынт, дэри дымыгунэщIу Тхъэм и пащхьэм дихьэжынт...

Хъуэжэ и щхьэм щIэтIэхъуащ.

- Сыт си Iэмал: жэмыбгъэр хъэдрыхэ здэсхун? Фхуэзэукынщи, фэзгъэшхынщ, къвлэл фхухъу.

Сохъутэ щIалэхэр епсыхащ, уанэр трахри яшхэр ялъэхъащ, шыхэр хъупIэм хаутIыпщхьэри, Хъуэжэ и жэмыбгъэр яукIащ.

- Си жэмыр дгъэвэнщ, мэзым фыхыхьи, пхъэ къэфхь.

«Дыхурикъакъэ Хъуэжэ!» - жаIэри, сохъутэ щIалэхэр мэзым щIыхьащ. Ахэр мэзым щIэтхъу, я хьэпи-шыпи, я уани, я Iэщ1афащи зэщIикъуэри л1ъэныкъуэ иригъэзащ, я щIакIуэхэр шыуаным хидзэри мафIэ щIищ1эжащ.

Пхъэ пхыр зырыз къахри, сохъутэ щIалэхэр мэзым кIыхэкIыжащ.

- МафIэ пщIыри шыуаныр пэрыбгъэувжащ, Хъуэжэ. Пхъэр дэнэ къыпха? - ягъэщIэгъуащ сохъутэхэм, я нэр къуж.

- Фи щIакIуи, фи фащи, фи уани пэрыздзэри мафIэ сщIащ. Лыр вэпхъакIэщ, зэ къытекIуэлъэжмэ, ваши, фыкъетIысэкI - фытхъэжьынущ. Дунейр пщэдей щыкъутэжынукIэ, щIакIуи, фащи, уани сыткIэ къыфщхьэпэжын, сохъутэ щIалэхэ?

- Дыбгъэунэхъуащ, Тхъэм и нэфI эщыщыхуэн тхьэмадэ!

Я щхьэм щIэтIахъуэжри, сохъутэ щIалэхэр я гъэгу техьэжащ...

Хьэщ1эщым ис гупыр зэщIэдыхьэшхащ:

- Хуэфащэр ярищIащ сохъутэ щIалэхэм!

- Яхуэмыфффащэмэ, ярищIэнтэкъым!

- Яхуэфащэпсщ. Iущ хъунщ дяпэкIэ...

Зы лIыжь къэпсэлъащ, гупым дыхьэшхын яуха нэужь:

- Сэри зы хъыбар фезгъэдэIуэнщ, хьэщ1эщым Iэнэ къракъэху. Джэджыкъуэпщ Пщымахуэ и хъыбарщ фызззгъэдэIуэнущ... Джэджыкъуэ Пщымахуэ Джэджыхьэблэ дэсащ, бжьэдыгъупщхэм ящыщащ ар. «Хьэр псафэ езыгъашэ» пщыкIэ еджэрт абы, а цIэр теIыкIауэ. Зэгуэрым шэсри, и закъуэ гъуэгу зэрытехьам ириуэркъыу, ежьащ Джэджыкъуэпщыр. Гъуэгу зыбетым зы шу ирихьэлIащ, хуэзащIэ къэхуауэ. «Мыбы худзэдзынкъым, хэт щыщми», - игу ирилъхьащ пщым. Благъэ къыщыхуэхъум, адрей шум жиIащ:

- Уи гъуэгу ирикIуэ, сэри си гъуэгу сригъакIуэ. УкъыззмыкъуэнщэкI, хэт ущыщми, уэри сэри тхурикъунущ мы гъуэгур.

- Дэдзыхи, гъуэгу напщIэ пабжьэм хыхьэ. Гъуэгур си гъуэгущи, сэ сыблэгъэкI.

Джэджыкъуэ Пщымахуэ зрихьэлIар Ныуэшхуокъуэ Ахьмэту къыщIэкIащ. Ар абаззэх лIы л1ъэрызехьэт.

- Гъуэгур зэпыдымыгъэубыд, тIури дытехуэнущ, - жиIащ абаззэх шум.

- Гъуэгур си гъуэгущ, дэдзыхи, сыблэгъэкI, - жиIащ Джэджыкъуэпщым.

Абаззэх шум шэч къытрихьакъым зрихьэлIар зэрыпщым, итIани дидзыхьи идакъым.

- Сэ дзэдзыхьнукъым, дзэдзыхи си хабзэкъым. КъыфIэбгъэкIмэ, пхуэмыфащэ уэсщIэнщ, - жиIащ абаззэх шум.

И шыр иригъэлъри, абаззэхэм пщыр уанэгум кърриудащ, ипхри и уанэгум трипхэжащ.

- Уэ сыпхьыни, сыптыни, сыпщэни пл1ъэкIынукъым, - жиIащ Джэджыкъуэпщым.

- Сыт щIысп1эмыкIынур?

- Сэ сыпщщ, аращ щIыпхуэзфIэмыкIынур.

- Iэу, ар жыпIэтэкъэ-тIэ. Упщмэ, нэхъ л1ьапIэу ущщанщ, уи щхьэм и уасэр итIанэ къэпщIэнщ.

Абаззэхэм пщыр хы Iуфэм ихьащ, уанэм кърихьэхри удзыпцIэм хигъэтIысхьащ.

- Ущщн, мылъку къыпщIэсхьн щхьэкIэкъым хы Iуфэм укъыщIэсхьар, - жиIащ абаззэхэ л1ьхуэкъуэлIым. - Хы Iуфэм къэпхьурэ тхъэмыщкIэ мащIэ пщакъым. Ар фIырэ Iейрэ уэзгъэгъэунэхун щхьэкIэщ укъыщIэсхьар.

Пщыр пхауэ хы Iуфэм къы-Iуинэри, абаззэх л1ьукъуэлIыр къыIукIуэтащ л1ьэбакъуэ зыхьблкIэ. Зы шу кърихьэлIащ асыхьэтыж.

- Мы слъагъур, сыщымыуэмэ, Джэджыкъуэ Пщымахуэщ, - жиIащ абы. - Хэт уэзыпхар, ахым уэзэрахын мурад къыпхуэзыщIар хэт? - къыбгъэдэкIуэтащ шур.

Пщыр зэкIуэцIыпхауэ пшахъуэм хэсщ.

- Джэджыкъуэхэ фыщыкIати, мыпхуэдэ гуэр фи натIэ зэрыхъунум шэч къытехьэтэкъым, - къыщIигъужащ шум. - Мы ёмыкIур хъозыщIам лIыгъэ иIэщ. Пхуэмыфащэмэ, къуищIэнтэкъым. ЩIыпхуэфащэм сыщIэупщIэнкъым.

- Былым ыкъыщIэсхьн щхьэкIэ хы Iуфэм къэсхьакъым пщыр, зезгъэцIыхужьн мурадкIэ зэкIуэцIыпхэри мыбы къэсхьащ. «Сыпхьыни сыпщэни пл1ъэкIынукъым» - арат къызжиIари, сл1ъэкIынур езым и нэкIэ езгъэлагъужащ, - жиIащ абаззэхэм.

Абаззэхэ лIыкIым пщыр зэкIуэцIыпхауэ я жылэм ихьыжащ, ар къуажэбгъуэм къыIуинэри езыр щэсыжащ.

Пщыр къыдзэпсэлъеящ:

- Ныуэшхуокъуэ, сыпхауэ си жылэ гъунэм сыкъыIубнэ нэхърэ укъызэпыджрэ сыбукIмэ, нэхъ къэсщтэнущ.

- ДяпэкIэ гъуэгу утехьэмэ, гъуэгу тетыкIэ пщIэнщ, - жери абы къыфIигъэкIакъым абаззэх л1ьхукъуэлIым, щэсри езыжащ...

- Джэджыкъуэпщым хуэфащэр къыщыщIащ, - жиIащ хьэщ1эщым ис нэхъыжьхэм ящыщ зым. - Езыращ зи лажьэр, и нэпэр зытрихьжащ, хабзэм ебакъуэри. Аращ щIыжаIэр: умыуэвмэ, къиувыкI ухуэзэнщ...

Хьыбарыр щIэх къаIэщIэуэхэтэкъым Жанхъуэт и хьэщ1эщым ис хэгъэрейхэм. НэгъуэщI псэлъафи къадогъуэгурыкIуэ адыгэхэм: хьэщ1эр шхэмэ, бжэм йоплъ...

Кургъуокъуэ Къэнжал мэзым щощакIуэ

ПЩЭДДЖЫЖЬIПЭ дыгъэр Iуащхьэмахуэ докIуэтей, Къэнжал бгым и джабэми къытпосэ. Хьэт1охъущокъуэ Кургъуокъуэ дыгъуасэ щыщэкIащ Къэнжал бгым и л1ьапэм - ари къыфIэIуэхужкъым пщым. И щхьэм имыкIыр нэгъуэщIщ. Узыщымыгъуазэр гугъущ. Тыркум, Кърымым, Урысейм, Къэжэрым, Къалмыкъым, Щэмхъалым, кIахэ адыгэхэм я деж къикI хъыбархэм гузагъэгъуэ къуатыркъым - араш и гупсысэм хэмыкIыр.

«Тырку сульт1аным и Iизын хэпIщ, ар, дауи, щыгъуаззщ кърым хъаным къытхуимурадым - мин пщIэм щIигъу дзэщхуэр къытхуишэнущ хъаным. Дэ сыт хуэдиз лIыгъэ тхэлъмыи, хъаным и дзэшхуэм пэдгъэувын т1ъэкIынур мин т1ощI хуэдизщ - абыкIэ упэлъэщын? Бийм дыщеззэунур ди щIыгуц, нэхъыби пэдгъэувыфынущ кърым хъаным и дзэ фIыщIэм. Iэмал дыхуемыкIуэмэ, дыпэмылъэщынри хэлъщ. «Ди псэм нэхъ нэхъ л1ьапIэщ ди хэкур, ди гъащIэр щIэтынщ ди хуитныгъэм» - араш си л1ьэпкъэгъуэм жаIэр. Сэ шэч къытесхьэркъым абы... Хьэмэрэ хъаным ди щхьэр хуэдгъэл1ьэхъышэн? Ар хъункъым! Зы адыги кIыпхуищIэнукъым ар, апхуэдэ унафи пщIы хъунукъым. Хъаным и жыIэм нобэ деувалIэмэ, ди ужь кихъхуэну щIэблэм нэлат кIыдахынщ... Нэгъаби зэуакIуэ къытхуэкIуащ кърым хъаныр. КъытхуэкIуар зэтедукIащ, закъуэтакъуэщ т1эщIэкIар - ар щIэх ящыгъупщэжаи хъаныр абы и бейгуэл мырзэхэмэ... Уи нэ къеIэм и псэм еIэ - а псэ-л1ьафэр ижь-ижьыж л1ьандэрэ къыддокIуэкI дэ, нобэ депцIыжьнкъым абы...»

Хьэт1охъущокъуэр гупсысэм здыхэтым, жьыбгъэ къыкъуэури пщым и хъурыфэ пыIэр щхьэрипхъуэтыным нэсат, зыщхьэщимыыбыдамэ.

Жьыбгъэр щIэх дыдэ щхьэщыкIащ. Макъ гуэр къэIуати, Кургъуокъуэ зыпхьдэIукIащ - зыхуихьынур ищIэркъым. Нэхъ уэм щыхъужым къыгурыIуащ: мыщэ гурым и макът зэхихар.

- Къарэжь, пл1ъэт: дэнэ къиIукI зи макъ зэхэсхыр?

Зы щIалэ къыбгъэдыхьащ пщым. ЩIалэм и Iэплlэм мыщэ шыр исщ.

- Мыр мыщэ шырщ, щIалэхэм къаубыдати, къыпхуэзагъэхьащ.

Пщым мыщэ шырыр зыIэщIиубыдащ, толъэщIыхь, йодэхащIэ.

- Мы тхъэмыщкIэ цIыкIум и анэм дауэ фыпэлъэща?

ЩIалэхэр пыдыхьэшхыкIащ.

- КъэпхъэнкIэ къэдубыдри, мащэм иддзащ. И шырыр къыIэщIэтхащ.

- Ар хъункъым! - къыззфIэуаващ пщыр, мыщэ шырыр и Iэплlэм зэрилъу мэз л1ьапэмкIэ иуиэтIащ, - абыкIэ къиIуКIырт мыщэ шырым и анэм и макъ шынагъэр.

Мэз л1ьапэм нэса нэужь, Кургъуокъуэ щIалэхэм ешхыдащ:

- Мыщэ къэдубыдын щхьэкIэкъым Къэнжал дыкъыщIэкIуар. Мыщэр къапхъэным къыIэщIэфынкъым, мэзым хэвутIыпщхьэж.

Я пщышхуэм и псалъэм фIэкIынутэкъым зыри: къапхъэным къыщIэщIахьжым, мыщэмрэ мыщэ шырымрэ мэзым щIэлъэджащ.

- МафIэм дыззрыпэрысар ирикъуэнущ, вгъэнкIыфIи, си ужь фыкъыиувэ.

Пщыр щэсыжащ. Абы и ужь иуващ къэбэрдей шухэр. Жанхъуэт и пщыIэм щыблэкIым, мэлыхъуэ лIыжьыр къапежьащ - Кургъуокъуэ здежьам щыгъуаззт Жанхъуэт.

- Гъуэгу махуэ, ди пщышхуэ. Фыздежьар Тхъэм къывигъэхъулIэ. Зи л1ъ вакъэ изыл1ъэжьыфыр дыпкъуэтынущ - араш къэбэрдейхэм игъащIэ л1ьандэрэ ди хабзэр.

Хьэт1охъущокъуэ Кургъуокъуэ и дзэм Къанжалкlэ яунэтIащ...

Къэбэрдей диалектым къизыгъэзэгъар **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ.**

Сурэтхэр КъБР-м и цIыхубэ художник **КIыщ Мухьэдин** *ищIащ.*

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

Къулейхэри гъырэ?

Урысей хьэрычэтыщІэхэм яфІэкІуэдынкІэ хъунущ ди къэралым ирашахэр

«Комсомольская правда» газетым зэритхымкІэ, урысей олигархь 50 хуэдиз мыгувэу факъырэу къыщІидзыжьынкІэ зыхуэІуа щыІэкъым. Мазаем и пэщІэдзэм американхэм хэІущІыІу ящІынущ УФ-м ирашу нэгъуэщІ къэралхэм ягъэкІуа мылъкур зыфІэкІуэдынухэр хэт сымэми.

УРЫСЕЙ къулеижьхэм я дуней тетыкІэр зэщхьщ, ди деж къокІуэ, ягъэлажьэ лъэщцапІэ зэмылІэужьыгъуэхэм зы тхьэмахуэ щІэри, ягъэзэж - Инджылызырщ е США-рщ абыхэм я унагъуэхэр зыщыпсэуф, я мылъкури здэщыІэр. ЗыщІэгупсысыкІыжу ахъшэ шахтёр кьалэ цІыкІу гуэрым зрагъэужьыным халъхьэн фи гугъэ? Абы и пІэкІэ я Іуэхуэхэр Урысейм щыІэзэфІэкІмэ, кьеплъэкІыжьхэхэнукъым.

Офшорхэм ягъэкІуа ахъшэхэр доллар триллионым нэблагъэу кьелъыитэ США-м Экономикэ къэхутэныгъэхэмкІэ и лъэпкъ бюром. Ар 2018 гъэм тещІыхьа ди къэрал бюджетым нэхърэ хуэди 4-кІэ нэхъыбэщ. Абыхэм ящыщ Іыхьэшхуэ УФ-м кьеІуэлІэхэзэрклым: УФ-м унэ уардэхэр, ІуэхущапІэхэр кьыщыщхурым егъэщІыпІа Іуэхуэхэр зэфІагъэкІ, зы офшорым ахъшэ ирагъэкІуэурэ.

2015 - 2016 гъэхэм ягъэувауэ щытащ мылъку изышаэхм налог зэрамытамкІэ жэуапыр ящхьэщыхьыным теухуа хабзэр. НэгъуэщІу жыпІэмэ, «къэзэзэк закъуэ, сэ псори уэ пхузоГъэгъу». Ауэ ар нэхъыбэу кьэзыгъэсэбэпар хьэрычэтыщІэ курытхэрауэ къыщІэкІынущ. Мылъкуу кьашэжар зыхуэдизри хэІущІыІу ящыкрькым - зэрямащІэ дыдэм ирикъытэ хъунущ.

Сыт США-м «февраль офшор революцэр» къыщІигъэхьерр? Абы тегъэщІапІэ ещІ кьулейкъэм я мылъкур Урысейм и Іэнатіэхэу санкцэхэр зыхуагъэувахэм къыззрыщагъэсэбэпыр.

- Ауэ итІани дунейпсо бизнесым увыпІэшхуэ щызыІыгъ кьулей дыдэхэм иужь илъэсхэм хагъахьуэ УФ-м ираш мылъкум. Псом хуэмыдэу зи лэжьыгъэр Урысеймэ щызыхуэзыщІыжьхэм. АтІэ, сЛоюкъ? Трамп кьыщта унафэм ди къэралым и зэран е, уеблэмэ, и сэбэп кьэкІыну? Зэкіэ зэтехуэркъым абы теухуауэ ди экономистхэм жаІэхэр.

Фэрыщ1ыгъэ

Ищхьэк1э къыщ1адзэ: газетхэм сыт щыгъуи къэралым и «лъэнтхуэхэр» яІыгъщ. Абыхэм псом хуэмыдэу ядэплъагъур ди цІыхуэхэм я улахуэхэр зыхуэдизым, абыхэм я зэщхьэкІыныгъэр зэрегъэлеям теухуа тхыгъэхэр зэпымыууэ зэрытрадзэрщ.

МИС иджыри «Аргументы недели»-м адэжь егъэщІылІауэ щапхъэ хъэлэмэтхэр кьыдбгъдэлъхьэ. «ЦІыхубзм и ІуэхутхьэзащІэхэу зи улахуэхэр инхэр» тхыгъэм дыкъыщоджэ:

«Правительствэм мыукІытэу игъэзащІэу фэ зытрегъаУэ Президентым илъэсих и пэкІэ кьыдигъэкІа «нахьыгъэ уиказхэр». 2018 гъэм щІышылэм и кІэухым, хэхынагъэщІэхэр екІуэкІыным мазитІ иІэжу, правительствэр зыхэлэу кьыщІэкІащ: бюджетым ирипсэухэм я улахуэхэр сом мелард 14,5-кІэ кьиІэтащ. Псори зэхэту. Ауэ ипэжыпІэкІэ кьыщІигъум зы мазэм хуэзэр сомиІ мылъкум.

Федеральнэ бюджетым и инагъым тепщІыхьмэ, сом мелард 14,5-р жьгъей дыдэщ, ар зэрыхьур сом триллион 16,1-р хъу а бюджетым Іэнатіэхэм ятригъэкІуэдэнухэм я 0,01 процентщ».

Псори зэпэшэчащ: правительствэм игъэбелджьлащ хэт сыт хуэдиз лъысынуми. Сом меларди 7,2-рэ Іуэрадзэнущ, егъэджакІуэхэм. Сом меларди 3,4-рэ кьаполлъэ узынщагъэр хъумэным и лжьакІуэхэмрэ еджагъэшхуэхэмрэ. Щэнхабзэм пэрытхэм яльысынур сом мелуан 500-щ. УзыщыгуфыкІын хэлъхьэм: улахуэхэр я пІэ икІынукъым. Урысейм бюджет Іуэхущапі я зэмылІэужьыгъуэхэм я лэжьакІуэхэр мелуан 13,84-м зэрыщыщІигъур кьэпІлъытэмэ, ар тыншу кьыбгурыІуэнущ.

Бюджетым ирипсэухэм я нэхъыбэр егъэджакІуэхэрщ. Мазаем кьыхуащІагъуну ахъшэр щыІу мелуани 4,9-м ятебгуашэмэ, дэтхэнэми лъысынур соми 122,5-рэщ. Дохутырхэм нэхъ мащІэхэр: дэтхэнэри кьулей «зэрыхъунур» зы мазэм сом 73-кІэщ. Арщхьэкіэ леджагъэшхуэхэр екъулаІщ: 2015 гъэм зэрыхъуу щыта мин 247-м щыщу кьэнэжа мин 230-м дэтхэнэри хуэзэу илъэсым Іэрыльэнущ сом мин 14,78-рэ.

«Аргументы недели»-м а бжьгъэхэр ярегъапщэ нэгъуэщІ улахуэхэм. Къэтщтэнщ щыхубэм и ІуэхутхьэбзащІэхэр. 2018 гъэм Къэрал Думэр Іыгъыным трагъэкІуэдэнущ сом меларди 10,93-рэ нэгъабэ ельытауэ сом меларди3кІэ нэхъыбэ. НэгъуэщІу жыпІэмэ, депутатхэм проценти 10-кІэ нэхъыбэ яІэрыхьэнущ. Абы щыгъуэми, бюджетым ирипсэу адрейхэм 2018 гъэм хущІагъэнур процент 4-м щхьэдэхьэн-щхьэдэмыхьынщ. Фигу къэдгъэкІыжьынщи, депутатхэр зэрыхъур 450-рэ кьудейщ - егъэджакІуэхэм нэхъыбэ хуэдэ мин 11-кІэ нэхъ мащІэщ.

Медведевым фэжагъэ къыщІэкъакъым Федерацэмкіэ Советым и пащхьэмэ - 2018 гъэм абы трагъэкІуэдэнущ сом мелуан 500 нэхърэ нэхъыбэ: хэбгъэзэхьымэ, ипэкІэ къэтхьа проценти 10-ми щхьэпрокІ. Пщіэ зыхуэтщІ сенатор 85-м я илъэс улахуэр, псори зэкэтлъхьэмэ, сом меларди 2,15-м нос. Ауэ ари зырикІыщ министрхэм я улахуэхэу нэгъабэ и дыгъэгъазэм хэІущІыІу хъуахэм ельытауэ. Бюджетым и хэщІыныгъэхэр гъэмэщІынымэ псом хуэмыдэу ерыщу щІэбэн Силуанов Антон, финансхэмкІэ министрым, зы мазэм лэжьапІэ щхьелІуэ ират сом мелуан 1,73-рэ. Пэжщ, мыбдеж Іуэхуэхэр телъыджэу щІэзэжьэзэрыльадэ: мылъкум нэхъ пэжыжьэ кьулькъущІэхэм яІэрыхьэр хуэдищкІэ нэхъ мащІэщ. Псалъэм и хьэтыркІэ, узынщагъэр хъумэныжмкІэ министр Скворцовэ Валентинэ и улахуэр сом мин 507-м щІигъурЫуэм. Нэхъ мащІэ дыдэ зыІэрыхьэр сом мин 407-рэ зи лэжьапІэщ щэнхабзэмкІэ министрыр тфІэгугъэныхьщ. Ауэ, а «мащІэри», сыт хуэдизкІэ гъэкІэрахъуи, УФ-м щызекІуэ курыт улахуэм нэхърэ хуэдэ 14-кІэ нэхъыбэщ.

ЩІыІэмрэ хуабэмрэ

2017 гъэм и дыгъэгъазэм Интернетым иригъэзэхэр игъэгъэзващ Ангарск щІыпсэу щІыхубзым УФ-м и Президентым и цІэкІэ ирилъхьа тхыгъэм. Абы къыщыгъэлъэгъуат Байкал гуэлым и гъунэгъу Листвянкэ китайскэм хабзэншагъэкІэ ресторанхэмрэ хьэщІущхэмрэ къыззрыщыщзэІуахыр, щы Іыхьэхэр налог гуэри ямыту къызэрыщащэхур: мыгувэу «а пасэрей урыс жылагъэр китай хьэблэ хъунущ». А зыхуэгъэзэнкІэм Іэ щІадзащ щІыхь мин 60-м щІигъум: къызыхэкІри гурыІуэгъэщІ: Китай абрагъым Къэрэкъ1пІэ Жьыжьэр «жьэдимыгъэлъэдэну» пІэрэ?

«АРГУМЕНТЫ и факты»-р газетым и лэжьакІуэ Зотов Георгий КНР-м щыІащ икІи Іуэхур зыІутыр зэхигъэкІыну хущІэкъуащ.

«Китаймэ и ищхьэрэ провинцэхэм сэ сащрихьэлІащ нэхъапэм Приморьемрэ Сыбыримрэ пщафІэхэу, Іэнэзехьэхэу щыІэжьа щІыхуэхэм. Илъэсищ и пэкІэ абыхэм ягъэзэжащ. Щхьэусыгъуэр къызэрыгуэкІщ: сомыр пуд хуэдиз. «Сэ дяпэкІи Урысейм сыщыпсэуну, си унагъуэр фи деж згъэІэпхъуэну си мурадащ, - къызжиІащ Кун Ван. - Арщхьэкіэ сыщІегъуэжащ: мы зэманым Урысеймэ Китаймэ улахуэхэр щызэхуэдэщ. Харбин сэ къыщыІэлажь Приморьем къыщысІэрыхьэу щытам хуэдиз - іоань УМАРОВЫМ и тетыгъэм щыхьэрыр Урысеймэ и кьалэ нэхъыфІу тІэнфейр кьалъытауэ щытащ. Ар ехъулІэныгъэшхуэ дыдэт. Умаровым кьыхуеблагъэрт власты шхуэ зезыхьэ щыхуэхэр. КьулькъущІэхэр хэтт Мэхъэчкьалэ и щапхъэм адрейхэр драгъэпльеину. Арщхьэкіэ... апхуэдизэ щытхъу зиІэ унафэщІыр ягъэкъуэнщащ бандит зэщІэгъэуІуэхэм я унэтІакІуэу, къыпхуэмылытэн хуэдиз мылъку зриІьэфэпІауэ кьалъытэри. Абы и псэуалъэр апхуэдизу лъэщти, мэрыр щаубыдым кьагъэсэбэпын хуей хъуащ вертолёт, бронетранспортёрхэр, ОМОН-мрэ спецназымрэ ящыщІ гупышхуэ. Умаровыр пщыкІутхурэ яуклыну хэтат, езыри игъуэта фэбжьхэм кьыхэкІыу гу цІыкІум иху фІэкІа кьикІуухьыкьыфыртэкъым. Ауэ ар езым и лей зытехьахэм я лъыщІэжьым кьыхэкІауэ къыщІэкІащ...

Иджы аргуэру жэуапым ирашалІэ Мэхъэчкьалэ и кьыкІэпьыкІуэ мэрыр - Мусаев Муса. Ар ягъэкъуаншэ ахъшэм пыщІа къэгъэщагъэхэр зэхищІыхьауэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, сом мелуани 182-рэ и уасэ щІы Іыхьэр... зы мелуан закъуэкІэ ищІауэ.

Газетхэм зэратхымкІэ, абы езым кьуанщэу зыкъыльытэжьыркъым: жеІэ мазэ кьэс Іэ зытридзэ тхылъымпІипщІэхэм ярыт псоми щымыгъуэзауэ. Арщхьэкіэ, Мусаевыр яшащ зи Іуэхуэхэр зэхагъэкІэр пІалъэкІэ щаІыгъ щІыпІэм.

Къыхущ1агъуну пІэрэ?

Къэрал Думэм къыщІахьащхьащ лэжьапІэ Іэнатіэ пэрыт пенсионерхэм кърат ахъшэм кьыщІагъуным теухуа хабзэгъэув проект.

АБы къыщыгъэльэгъуащ дэтхэнэ апхуэдэ щІыхуми соми 1600-кІэ нэхъыбэ кьыІэрыхьэн хуейуэ.

Лажьэ пенсионерхэм егъэщІылІа Іуэхур зэфІахыну депутатхэр куэд щІауэ хущІокъу - абы ирехулІа ешы гъащІэм. Фегупсыс: 2016 гъэм и закъуэ Іэнатіэ пэрыт пенсионерхэм я бжьгъэр мелуан 15-м кьыщыщІидзэри мелуан 8-м нэскІэ кьехащ. Ар зи ягъэр индексащэр кьыззрызэтрагъэувыІам и закъуэкъым. Экономикэм щытыкІэр щыапхуэдэщи, куэдым нэхъ кьащтэ хуящ улахуэхэр щхьэ щхьэтрыкыр. Лажьэ пенсионерхэр мыбдеж кьыщыбгъэдэІуэну нэхъ тыншщ - ахэр мэшынэ уэрамым кьыдэхутэнкІэ.

«Реформэ зэмылІэужьыгъуэхэр езыгъэкІуэкІ кьэралым езым и цІыхуэхэм я жагъуэ ищІ кьудейкъым - абы фІокІуэр налогхэр зыщІэщцамытыкІ ахъшэ куэд. Си хэхакІуэхэм ящыщ зым щхьэтечу кьызжиІащ: «Сэ зыми сыстехьэлъэну сыхуейкъым, си щхьэ сопІыж. Сыт атІэ апхуэдизу сыщІагъэпудыр? Дэ, лажьэ пенсионерхэр, къэралым цІыхуэхэм дащІхимыбжькІэ, сэ арэзы сытехьэнущ хабзэм ебакъуэу кьыІзат улахуэмэ. Сэ пщІэ кьыщысхуамыщІкІэ, властым и пащхьэм зы кьалэни си пщэ щыщдэлъкъым».

Мы пычыгъуэр дэ кьыхэтхащ Къэрал Думэм Бюджетхэмрэ налогхэмкІэ и комитетым хэт Щаков Михаил «Аргументы и факты» газетым кьыгурыригъэдза тхыгъэм. ЖьІэнэрращи, ижь зэманым Урысейм мы Іуэхум хуабжьу щытопсэльыхь. ИтІани, кьулькъущІэхэм зраІэсфыхь. Псори зыхуэгъэзари апхуэдэ индексацэр зыхуэдизынымрэ абы текІуэдэну ахъшэр кьыздрахьынымрэщ.

Хабзэгъэув проектыр зэхэзылъхьаэм кьалъытэ абы сом мелард 87-рэ текІуэдэну. Щаков Михаил зэрепльымкІэ, ар ирикъунукъым. Мы зэманым лажьэ пенсионерхэм я бжьгъэр мелуани 8 хъумэ, ар сом меларди 150-м хуэдизым хуейщ. Зэ ельытыгъэкІэ мащІэкъым, ауэ ахъшэр кьэбгъэтыну гугъуэкъым: бюджетым мылъкуэр нэхъ зэгъэзэхуауэ кьигъэсэбэлмэ зэфІэкІащ. Къэрал корпорацэхэр кьыжьэдэкъуэн, Санкт-Петербург щауху футбол стадионым хуэдэхэр щыным трагъэкІуадэхэр ягъэмэщІэн, банк сэбэпыншэхэр кьеГъэлъыным кьэпыкІын хуейщ. ИтІанэ пенсионерхэм папщІэ ахъшэ кьыкъуэкІынущ.

Мыбдеж кьыщылъытэн хуейр хэщІыныгъэхэр зыхуэдизынуракъым, атІэ захуагъэрщ. Цыхур лэжьащ къэралым игъэувэ пІальэр къэсыхукІэ. Иужьрейм пщэрылъ зыщищІыкащ пенсэ иритыну. НэгъуэщІу жыпІэмэ, цыхухэм езыхэм я кьалэн псори ягъэзэщІащ, арщхьэкіэ кьэралым ахэр зэхедэ мылажьэхэрэ лажьэу. Абы щыгъуэми етІуанэхэр егъэкІэ.

Псалъэ пэжкъэщ, ауэ депутатым псори и пІэ ирегъэувэж: мы гъэм индексацэ щыІэнукъым. Ялэрауэ, бюджетым бщащтакІэщ. ЕтІуанэрауэ, зи гугъу тщІы жэрдэмыр ещхьщ екІуэкІыну хэхыныгъэхэм ялэ кьихуэу хэхакІуэхэр кьыззрагъэгугъэм. Пэжи, пцІыи?

Зыгъэхьэзырар
ШАЛ Мухьэмэдщ.

● Бэнэкіэ хунт

Адыгэ щІалэхэращ алэрыбгъум щытепщэр

ЩІышылэм и 26 - 28-хэм Красноярск кьалэм щекІуэкІащ бэнэкІэ хуитымкІэ «Иван Ярыгин» Гран-при зэхьэзэхуэ. Абы екъулІэныгъэ ин щызыІэрагъэхьащ ди лъахэгъуэхэм.

Губернаторым и саугъэтыр зыхуагъэфэща Урыш Анзор.

МЫ ГЪЭМ тІощІрэ ебгъуэнэу екІуэкІ «Иван Ярыгин» Гран-при зэхьэзэхуэм дунейпсо мыхьэнэ иІэщ икІи абы кьыщІахь увыпІэм ельытауэ зэпеуэ инхэм щыхэткІэ зэрыбэнэну щыкІэр яубзыу. Кьапащтэмэ, Урысей Федерацэм и дежкІэ ар мэлыжьхьыым и кІэухым Каспийск щызэхэтыну Европэм и чемпионатым кІэнухэр кьыщыхьхьым и зы Іыхьэ нэхъыщхьэщ.

Ди жагъуэ зэрыхъуди, «Иван Ярыгин» зэхьэзэхуэм хэтыфакъым куэдкІэ дызыщыгугъа дуней псом щэнейрэ и чемпион, Олимп джэгухэм жэз медалыр кьыщызыхьа Махуэ Биналрэ Рио-де Жанейрэ щекІуэкІа Олимпиадэм и лІыхъужьхэм ящыщ зы, Европэм щэнейрэ и чемпион Джэду Іэниуаррэ. Билал и лъэгуажьэр кьеуэзырти, утыку кьрагъэхьэн дохутырхэм дзыхь ящІакъым. Іэниуар Олимп джэгухэм иужькІэ блэкІа илъэсрэ ныкъуэм зыщІыпІи зэрыщымыбнар икІи нэгъуэщІ хьэпьагъым зэрыкьыхьар щхьэусыгъуэ хуащІри, мы зэхьэзэхуэм хагъэхьакъым.

Апхуэдэу щыт пэтми, Красноярск кІуа адрей ди щІалищым Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыхьыр лъагэу иІэтащ. Абыхэм зы дыщэрэ дыжьын медалитІрэ зыІэрагъэхьащ.

Зэхьэзэхуэм и ипэ махуэм утыку кьихьащ Мусукаев Исмэхьил. Килограмм 61-м нэс зи хьэпъагъэм я зэпеуэм абы къэхрэгъэрэгъу кьыщыщхуэуаиплІри - хиГащІэри, финалым нэсащ. КІэух зэІущІэм ди щІалэм щыщыщ